ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
BERDAQ ATINDAǴI QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

TÁBIYATTANIW FAKULTETI

GEOGRAFIYA KAFEDRASI

Geografiya tálim baǵdarınıń IV$^{a}$-kurs studenti Orınbaev Nurpolattıń

**«Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq rawajlanıw máseleleri»**
temasındaǵı

# PITKERIW QÁNIYGELIK JUMISI

Jaqlawǵa jiberildi
____________________
«____»________ 2018 j.

İlimiy basshı
________ dots. G.A.Xodjaeva

Kafedra baslıǵı: _____________ dots. N.J.Embergenov

**NÓKIS-2018**

## MAZMUNI


| | | |
|---|---|---|
| | **KIRISIW……………………………………………………………...** | 3 |
| **I BAP** | **RAYONNIŃ TÁBİYİY SHARAYATI HÁM TÁBİYİY RESURSLARINA ULIWMA SIPATLAMA……………….........** | 6 |
| | I.1. Rayonnıń geografiyalıq jaylasqan ornı……………………………… | 6 |
| | I.2. Klimatlıq sharayatı hám onıń ózgerisleri……………………… | |
| | I.3. İshki suwları, suw resursları jáne olardan paydalanıw………... | |
| | I.4. Topıraqları, ósimlik hám haywanat dúnyası…………………… | |
| **II BAP** | **RAYON XALQI, ONIŃ SOCIALLIQ JAĠDAYIN JAQSILAW HÁM RAWAJLANDIRIW MÁSELELERI……..** | 26 |
| | II.1. Xalıq sanınıń ósiw dinamikası………………………………… | |
| | II. 2. Rayon xalqınıń demografiyalıq jaǵdayı……………………… | |
| | II.3. Miynet resursları hám olardan paydalanıw dárejesi…………... | |
| **III BAP** | **MOYNAQ RAYONINIŃ SOCIAL-EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWINDAĠI TIYKARĠI MASHQALALAR HÁM OLARDI SHESHIW JOLLARI** | 40 |
| | III. 1. Moynaq rayonınıń sanaat tarmaqlarına sıpatlama…………… | |
| | III.2. Awıl xojalıq tarawları hám olardıń rawajlanıwı……………… | |
| | III.3. Rayonnıń social-ekonomikalıq tarawlarınıń rawajlanıwınıń házirgi jaǵdayı hám keleshegi……………………………………… | |
| | **JUWMAQLAW…………………………………………………….** | 60 |
| | **Ómir qáwipsizligi…………………………………………………..** | 62 |
| | **PAYDALANILĠAN ÁDEBİYATLAR………………………….....** | 68 |

## KİRİSİW

**Temanıń aktuallıǵı:** Elimizdiń ekonomikalıq potencialı barǵan sayın artıp barmaqta. Prezidentimiz Sh.Mirziyoevtıń basshılıǵında ekonomikanı modernizaciyalaw hám diversifikaciyalaw, zamanagóy biznes infrastrukturasın rawajlandırıw baǵdarında úlken jumıslar ámelge asırılmaqta. Elimizdegi mikroekonomikalıq turaqlılıq hám qolay investiciyalıq ortalıqtıń tásirinde eń rawajlanǵan mámleketler, abroylı qarjı mekemeleri elimiz benen birge islespekte hám sanaatımızdıń ráwajlanıwına óz úlesin qospaqta.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Ózbekstan Respublikasın bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında" Pármanınıń 3-bag`darı «Ekonomikanı bunnan bılay da rawajlandırıw hám liberallastırıw» dep atalıp, onıń tiykarg`ı bir bánti «sanaattıń joqarı texnologiyalı qayta islew tarmaqların, eń aldı menen, jergilikli shiyki zat resursların tereń qayta islew tiykarında joqarı qoshımsha qunlı tayar ónim islep shıg`arıw boyınsha jedel rawajlandırıwg`a qaratılg`an sapalıq tárepinen jańa basqıshqa ótkeriw arqalı jáne de modernizaciya hám diversifikciya qılıw»[1] dep ataladı. Usı bánt tiykarında Moynaq rayonında alıp barılıp atırg`an jumıslardı jánede rawajlandırıw imkaniyatı tuwıladı.

Mámleketimizdegi házirgi social-ekonomikalıq jaqtan rawajlanıw máseleleri kóplegen faktorlarǵa baylanıslı sheshiliwi múmkin. Bul faktorlardıń eń baslılarınan biri tábiyiy-ekonomikalıq resurslar bolıp esaplanadı.

Moynaq rayonı respublikamızdıń ózine tán ózgeshelikke, tábiyiy sharayatqa iye aymaqlarınan biri bolıp, bul jerde keyingi 35-40 jıl ishinde antropogen faktor júdá kúshli tásir etip kelmekte. Tábiyatı jıldan jılǵa óziniń ónimdarlıǵınıń tómenlep barıwı menen xarakterlenedi. Sonday-aq olardıń ózgerisleri waqıt hám keńislikte bir tegis emes. Bul nárse aymaqtıń tábiyiy komplekslerin úyreniwde differencial qatnas jasawdı talap etedi. Sonlıqtan biz hár bir komponenttiń házirgi jaǵdayına

[1] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегиси тўғрисида» ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда

toqtawǵa, olardıń burınǵı jaǵdayı hám keleshektegi ózgeris baǵdarların anıqlawdı sheshiwge bel bayladıq.

Keyingi jıllarda gaz, neft hám basqada tábiyiy qazılmalı baylıqlardı izertlewge baylanıslı kólemli jumıslar alıp barılmaqta. Degen menen keyingi jıllarda Aral teńiziniń suw qáddiniń páseyiwine baylanıslı Moynaq rayonınıń tábiyiy baylıq qorlarınan paydalanıw úziliske túspekte, házirde rayon territoriyası oraylıq Aziyadaǵı qumlı shóller arasında qalıp, jer-suw resurslarınan paydalanıwdı, ásirese, tábiyiy jaylawardı ózlestiriwde úlken qıyınshılıqlarǵa duwshar etpekte.

Húrmetli prezidentimiz Shavkat Mirziyayev **“Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonın 2017-2018-jıllarda ekonomikalıq rawajlandırıw hám bántlikti támiyinlewge tiyisli qosımsha is-ilajlar haqqında”**ǵı qararın qabıl etti.

Bul qararǵa tiykarlanıp Moynaq rayonınıń geografiyalıq jaylasıwı, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanǵanlıq dárejesi, tábiyiy klimat sharayatı da resursları hám xalıqtıń talapların esapqa alǵan jaǵdayda, rayonda 2017-2018 jıllarda ulıwma muǵdarı 52,3 mlrd. somlıq, sonnan 990 mıń AQSh dollarına teń bolǵan 72 joybar ámelge asırılıwı nátiyjesinde 1343 jańa jumıs ornı jaratılıwı názerde tutılǵan hám ámelge asırılmaqta.

Rayon aymaǵında júz bergen ekologiyalıq daǵdarıstı páseytiw hám xalıq xojalıǵı tarawların, ásirese, awıl-xojalıǵı óndirisin házirgi kúnniń talaplarına sáykes sheshiw ushın bir qansha mashqalalardı is júzine asırıw kerek boladı. Bul ushın bárinende burın rayon kóleminde tábiyiy resurslardan paydalanıwdıń házirgi dárejesi hám paydalanılmay atırǵan jer astı qazılmalı baylıqların izertlew hám olardan racional paydalanıwdıń sxemasın jasaw úlken áhmiyetke iye. Sonlıqtanda, bul mashqalanı ilimiy izertlew jumısları ekonomikalıq hám sotsiallıq geografiyanıń eń aktual máseleleriniń biri.

**Jumıstıń obekti hám predmeti.** Jumıstıń obekti Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı bolsa, predmeti onıń social-ekonomikalıq rawajlanıwın tereńnen úyreniwden ibarat.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları:** İlimiy jumıstıń tiykarǵı maqseti Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonınıń social-ekonomikaliq rawajlanıw máselelerin ashıp beriwden ibarat bolıp, onıń jaǵdayın geografiyalıq jaqtan úyreniw hám onıń rawajlanıwınıń tiykarǵı jolların kórsetip beriw bolıp esaplanadı.

Joqarıda qoyılǵan maqsetten kelip shıqqan halda jumısta tómendegi wazıypalar qoyıldı:

-Rayonnıń potenciallı tábiyiy resurs dereklerin tolıq úyreniw ;

-Rayon xalqı hám miynet resurslarınıń rayonnıń social-ekonomikalıq rawajlanıwındaǵı rolin anıqlaw;

-Miynet resursların jumıs penen támiyinlew máseleleri mashqalaların úyreniw;

-Rayon sanaat komplekleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tásir etiwshi faktorlardı anıqlaw;

-Sanaatınıń rawajlanıwınıń házirgi jaǵdayın analizlew;

-Rayonnıń sanaat komplekleriniń rawajlanıw perspektivaların islep shıǵıw;

-Rayon awıl xojalıǵı tarawların jaylastırıw hám rawajlandırıw maselelerin analizlew.

**Jumıstıń ámeliy áhmiyeti** sonnan ibarat bolıp, izertlewdiń nátiyjeleri tek Moynaq rayonınıń júzege kelgen sanaat, awıl xojalıǵı hám xızmet kórsetiw sferaların kompleksli rawajlandırıwda ǵana emes, al olardan respublikamız xalıq xojalıǵın, sonday-aq, basqa rayonlardıń social-ekonomikalıq rawajlanıw perspektivaların islewde de paydalanıw ushın ámeliy járdem etewge xızmet etedi.

Jumıstıń dúzilisi kirisiw, úsh bab, juwmaqlaw, paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat bolıp, ulıwma kólemi ___ betten ibarat.

# I BAP RAYONNIŃ TÁBİYİY SHARAYATI HÁM TÁBİYİY RESURSLARINA ULIWMA SIPATLAMA

## I.1. Rayonnıń geografiyalıq jaylasqan ornı

Moynaq rayonınıń aymaǵı Ámiwdáryanıń quyar jeri bolǵan deltalıq tegislik hám Aral teńiziniń Ózbekstan Respublikasına tiyisli bólimin óz ishine aladı. Onıń absolyut bálentligi qublada 70 metrden arqada Aral teńiziniń burın 53 metr, al Aral teńiziniń qurıǵan ultanınıń absolyut bálentligi 53 metrden teńizdiń házirgi qáddinde 32 metrdi quraydı. Ol Orta Aziyanıń Turan oypatlıǵınıń eń pás jerinde jaylasqan bolıp, onıń tábiyiy sharayatın úyreniw hám tábiyiy resurslarına baha beriwde, olardıń obektiv túrdegi geologiyalıq qurılısı haqqındaǵı maǵlıwmatlarǵa iye bolıwımız kerek (A.A.Arxangelskiy, 1934; R.G.Garetskiy h.t.b.).

Turan tábiyiy-geografiyalıq provintsiyası (Kogay, 1969, 1971), sonıń ishinde Túslik Aral boyı strukturalıq elementler haqqında kóplegen avtorlar tárepinen jazılıp, biraq olardıń jumıslarında strukturalıq qurılısı haqqında birdey túsinikke iye emes.

Alımlar bul aymaqtı hár qıylı atamadaǵı geologiyalıq strukturalar túrinde ataydı. Mısalı: M.A.Muratov, B.A.Petrushevskiy, A.A.Yanshin h.t. basqalardıń kórsetiwinshe ol efigercinlik platforma; O.M.Borisov, L.M.Lordkipanidze boyınsha yarım platforma; V.N.Sobolevskaya boyınsha platformalı oblast h.t. basqa dep bóledi.

Eń jańa ádebiy dereklerdi analizlew tiykarında bizler Turan oypatlıǵı degen terminde toqtaldıq, sebebi bul túsinik ilimiy ádebiyatlarda usı termin kóbirek ushırasadı. Samanov J. hám taǵı basqalardıń (1972 j) «Geologiya i poleznıe iskopaemıe Karakalpakii» degen miynetinde bul rayon «hárekętsheń platforma» dep qaraladı. Onıń rawajlanıwında: orta triastıń tómengi miotsen dáwirinde shógiw tendentsiyası, al neogen, tórtlemshi dáwirde kóteriliwde bastan keshirmekte, biziń jumısımız ushın eń áhmiyetlisi bul aymaqtıń tórtlewshi dáwirdegi tariyxı bolıp esaplanadı.

Sebebi, usı dáwirde aymaqtıń házirgi zaman tabiyǵıy kompleksleri júzege kelgen. Túslik Aral boyında tórtlemshi dáwir jatqızıqları juwılǵan, jemirilgen,

neogen, paleogen, por hám paleozoy jatqızıqları ústinde qalıń bir tutas qatlam payda etip, olar Ámiwdárya deltasında 50-70 metrden qalıńlıqqa iye (Samanov hám t.b. 1972). Jası jaǵınan bul jatqızıqlar áyyemgi tórtlemshi hám onnan jas jınıslardan turadı. Olardıń astında úshlemshi hám onnan burıngı dáwirlerdiń jatqızıqları jatadı.

Moynaq rayonınıń aymaǵı Ámiwdárya payda etken jańa allyuvial hám Aral teńizi payda etken teńiz jatqızıqlarınan, sonday-aq eń pás orınlarda kól jatqızıqlarınan payda bolǵanlıǵı kóplegen alımlar tárepinen dálillengen (Popov h.t.b., Lopatin h.t.b., Akulov, h.t.b.). İzertleniwshi aymaq Ámiwdáryanıń házirgi deltasınıń arqa bóliminde hám Aral teńiziniń qubla hám oraylıq bólimin óz ishine aladı. Sonday-aq ayırım orınlarda neogen hám paleogen dáwiri jatqızıqlarıda ushırasadı (Toqpaq ata tóbeshigi). Al ayırım alımlar hátteki por dáwiri jatqızıqları da bar ekenligin kórsetedi.

Bul uchastka tórtlemshi dáwirdiń joqarı hám házirgi bóliminde payda bolǵan. Bulardıń ishinde bizge eń áhmiyetlisi Ámiwdárya payda etken allyuvial jatqızıqlar bolıp esaplanadı. Olardıń  aymaqta payda bolıwı, quramı hám tarqalıwınıń baslı sebebi dárya suwınıń aǵısınıń baǵdarına yamasa áyyemgi deltalıq tarmaqlar hám olardıń ózgeriwlerine baylanıslı bolıp keledi. Dárya tarmaqları ańǵarlarında hám oǵan jaqın aymaqlarda úlken dánesheli jınıslar, qumlar hám qumlı (supes) (Ámiwdáryanıń bas ańǵarı - Aqdárya, salaları - Qıpshaqdárya, Taldıqdárya, Úlken hám kishi Jansız, Aqbaslı h.t.b. shep jaǵalıqta, Erkindárya, Qazaqdárya, Gónedárya h.t.b. oń jaǵalıqta), al dárya tarmaǵınan uzaqlasqan sayın jınıslar maydalanıp baradı hám bul jerlerde qumlaq (suglinok) hám ılay (glina) lardan turatuǵın jatqızıqlar jatqızıladı.

Úyrenip atırǵan rayonnıń aymaǵı tariyxıy dáwirlerde dárya tarmaqları allyuvial jatqızıqları menen qaplanǵan bolıp, ayırım orınlarda onıń ústindegi jatqızıqlar antropogen hám eol kelip shıǵıwǵa iye. Joqarı bólimde aymaqtıń Ámiwdarya deltasınıń arqadaǵı - quyar jerinde jaylasqanlıǵı hám litologiyalıq jaqtan alyuvial deltanıń jatqızıqlardan turatuǵının aytıp ótken edik. Olardıń ishinde Ámiwdárya deltasında, tómendegidey genetikalıq tipleri tarqalǵan -anǵarlardıń

jatqızıqları (ruslovıe otlojenie); qayırlıq jatqızıqlar (poymennıe otlojenie), ózgeriwsheń salalar jatqızıqları (otlojeniya blujdayushix protokov) hám kól jatqızıqlarınan (ozernıe otlojeniya) turadı (Popov h.t.b., 1960, Lopatin h.t.b., 1960, Rogov 1959, 1968, Akulov 1959, 1960, Samanov hám t.b. 1972, h.t.b.).

Moynaq rayonı aymaǵınıń topıraq razrezlerin analizlew tiykarında bul rayonda litologiyalıq quramı boyınsha júdá quramalı ekenligin kóriwge boladı. Olardan kómilip qalǵan ańgarlıq jatqızıqlar, dárya jayılımları hám kóllerdiń sonday-aq, kómilip qalǵan eol jatqızıqlardı (qumlar) mısal etip kórsetsek boladı.

Ámiwdáryanıń házirgi zaman deltasınıń ańgarlıq jatqızıqları házirgi relyefte Ámiwdárya ańgarı hám dáryanıń bas salaları ańgarları (Qıpshaqdárya, Taldıqdárya, Erkindárya, Qazaqdárya, Gónedárya h.t.b.) dógereginde keń ushırasadı. Suwǵarmalı jerlerdiń tegisleniwi hám olardıń awıl xojalıǵında paydalanıw nátiyjesinde rawajlanǵan mádeniy agroirrigatsiyalıq jatqızıqlar payda bolıw protsessi júz bermekte. Ańgarlıq jatqızıqlardıń jer betine shıǵıp atırǵan uchastkalarında, olar aktiv eollıq qayta isleniwge ushırap, litologiyalıq jaqtan mayda dánesheli qumlı tóbeshiklerdi payda etken. Allyuvial qumlardıń tarqalǵan aymaqlardıń kópshilik bólegi soǵa topıraqlar (suglinkalar) hám taǵı basqada házirgi zaman jatqızıqları menen qaplanǵan.

Rayon aymaǵında eol qumlardıń payda bolıwı, por hám paleogen-neogen jatqızıqlarınıń qumlı-ılaylı jınısları hám Ámiwdáryanıń allyuvial qumlarına baylanıslı bolıp keledi. Eol qumları kelip shıǵıw jaǵınan eki kategoriyaǵa bólinedi, úshlemshi hám allyuvial. Rayon aymaǵında eol jatqızıqlı qatlamalar basqa litologiyalıq qatlamlar menen aralasıp olardıń qalıńlıǵı bir neshe santimetrden birneshe 2 metrge shekem jetedi (Samanov J hám t.b. 1972j).

Dárya tarmaqları arasındaǵı salıstırma pás jayılımlar hám kól jatqızıqları turǵınlıq sharayatta payda bolıp, bul olardıń qásiyetlerin hám ózgesheliklerin belgilep beredi. Bul jatqızıqlardıń jınısları mayda dánesheden turıp, tiykarınan ılaylı fraktsiyalar hám az muǵdarında alevritlerden turadı. Rayonnıń Sudoche kóli, Qarajar-Kewsir, Mejdureche, Aqqala-Dumalaq kóller sistemaları jaylasqan

salıstırma pás uchastkalardıń aymaǵı tiykarınan usı jınıslardan turıp, olarda tiykarınan otlaqlı, batpaqlı topıraqlar hám kebirlikler keń tarqalǵan.

Rayonnıń qazılma baylıqlarına keletuǵın bolsaq, onıń basqa rayonlarǵa qaraǵanda bir qansha mol ekenligin kóremiz. Tiykarǵı qazılma baylıǵı otın-energetikalıq qazılmalar bolıp esaplanadı. Keyingi dáwirde ásirese mámleketimiz óz ǵárezsizligine eriskennen keyingi dáwirde rayon aymaǵında geologiyalıq izertlewler keń alıp barıldı. Olardıń nátiyjesinde Úrge, Berdaq uchastkalarında gaz-kondensat kánleri ashıldı hám iske qosıldı. Úrge káninde gaz kondensatın ayırıp alıwshı stantsiya qurılǵan. Házirgi dáwirde sol kondensattı qayta islew ushın kishi kondensat kárxanası Rossiya mámleketi menen birgelikte qurılıwı názerde tutılǵan.

Házirgi waqıtta Aral teńiziniń qurıǵan ultanında kóplegen uchastkalarında neft hám gaz qıdırıw jumısları aktiv júrgizilip, burǵılaw jumısları alıp barılmaqta. Gaz hám neft shama menen 3500 metr tereńlikten tabılmaqta. Keleshekte ele de tereń burǵılawshı úskeneler járdeminde bul izertlewler alıp barılıwı názerde tutılǵan. Bul máselede mámleketimiz Rossiya neft-gaz kompaniyaları menen kelisimler dúzbekte hám rossiyalıq doslar járdem beriwge kelism bergenligi málim.

Neft-gaz baylıqlarınan basqa rayonda baqanshaq tas (rakushechnik, Lazarevoda), kvartslı qurılıs qumları, gerbish shiyki zatı - ılaylar, radiaktiv elementler bar bolǵan mineral suwlarǵa bay ekenligi málim. Toqpaq ata tóbeshiginde neogen-paleogen ılayları jergilikli xalıq tárepinen jaylardı sıbaw, diywaldı aqlaw ushın keń paydalanıladı.

## I.2. Klimatlıq sharayatı hám onıń ózgerisleri

Rayonnıń klimatlıq sharayatlarına toqtalatuǵın bolsaq onı qońsılas aymaqlardan bir qansha parıq qılatuǵınlıǵın kóremiz. Biz aymaqtıń klimatın sıpatlawda Moynaq meteorologiyalıq stantsiyası menen birge Ámiwdárya deltasında jaylasqan qońsılas Qońırat, Shımbay, Nókis, sonday-aq bir keńlikte jatqan Qaraqalpaqstan Ústirtinen Jaslıq, Qızılqumnan Shabanǵazǵan meteostantsiyalarınıń maǵlıwmatlarınan paydalandıq. Endi rayon klimatına

qısqasha sıpatlama beremiz. Klimatlıq hám meteorologiyalıq maǵlıwmatlardı Moynaq meteostanciyasınan aldıq. Sonıń menen birge klimat haqqındaǵı túsinikler tolıq bolıwı ushın Ámiwdárya deltasındaǵı Qońırat, Shımbay, Nókis; Ústirttegi - Jaslıq; Qızılqumdaǵı - Shabanqazǵan meteostanciyaları maǵlıwmatları salıstırıp bahalandı.

Aymaqta suwıq dáwirdiń kórsetkishleri basqa qońsılas aymaqlarǵa qaraǵanda bir qansha ózgesheliklerge iye. Yanvar ayınıń ortasha temperaturası -5,7 $^{0}$C qa teń. Bul kórsetkish Qońırat (-5,6$^{0}$C), Shımbay (-5,5$^{0}$C) meteostanciyaları menen derlik parıq qılmaydı. Biraq usı keńlikte jaylasqan Qaraqalpaqstan Ústirti (Jaslıq, -7,5$^{0}$C), Qaraqalpaqstan Qızılqumı (Shabanqazǵan -8,2$^{0}$C) meteostanciyaları salıstarǵanda 2-2,5$^{0}$C ǵa joqarı ekenligi kóremiz.

Bunıń tiykarǵı sebebi J.Mátmuratovtıń (1989) dálillewinshe suw obektleriniń aytarlıqtay kóp maydandı iyeleytuǵınlıǵı hám Aral teńiziniń jaqınlıǵı menen túsindiriledi.

Báhár aylarnda bolsa Moynaq aymaǵında hawanıń temperaturası óziniń keńliginde jaylasqan meteostanciyalarǵa salıstırǵanda bir qansha pás ekenligin (0,5-2,4$^{0}$C) bayqaymız. Al ózinen qublada jaylasqan Qońırat hám Shımbayǵa salıstırǵanda 1,5-1,7$^{0}$S ǵa, Nókiske salıstırǵanda -2,7$^{0}$S qa pás bolıp keledi. Hawa temperaturasınıń bunday pás bolıwı Moynaqtıń arqada jaylasqanlıǵı hám Aral teńiziniń tásiri menen túsindiriledi.

Jaz máwsiminiń basında hawa temperaturası joqarıdaǵı meteostanciyalarǵa saıstırǵanda bir qansha pás bolıwına qaramastan (0,5-2,1) iyul ayında ortasha temperatura Qońırat hám Shımbay menen teńlesedi, biraq Nókis, Jaslıq hám Shabanqazǵanǵa salıstırǵanda bir qansha tómenirek boladı. Usı dáwirden baslap Moynaq meteostanciyasında hawanıń temperaturası basqa meteostanciyalarǵa salıstırǵanda pás emesligi, hátteki joqarı ekenligin kóremiz (1-keste).

Jıldıń ortasha temperaturası Moynaqta 10,2$^{0}$C tı quraydı . Bul Qońırat hám Shabanqazǵanǵa salıstırǵanda 0,4$^{0}$C qa, Shımbayǵa hám salıstırǵanda 0,5$^{0}$C qa, Nókiske salıstırǵanda 1,4$^{0}$C qa pás bolsa, Jaslıqqa salıstırǵanda 0,6$^{0}$C joqarı ekenligin kóremiz. Hawa temperaturasınıń jıllıq amplitudası aymaqta 33$^{0}$C tı

quraydı. Onıń shaması Qońıratqa salıstırǵanda $1^0$C, Shımbayǵa salıstırǵanda $0,6^0$C qa kóp, al Nókiske salıstırǵanda $0,5^0$C ǵa, Jaslıqqa salıstırǵanda $1,5^0$C ǵa, Shabanqazǵanǵa salıstırǵanda $4,1^0$C az ekenligine guwa bolamız.

1-keste

**Hawanıń ortasha aylıq hám ortasha jıllıq temperaturası***, (°C)

| **Meteo-stanciya-lar** | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII | Jıl | Jıllıq ampli-tuda |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Moynaq** | -5,7 | -5,6 | 0,4 | 9,7 | 18,3 | 23,9 | 26,7 | 25,0 | 19,1 | 10,6 | 3,1 | -2,7 | 10,2 | 33,0 |
| Qońırat | -5,6 | -4,0 | 2,4 | 12,1 | 19,8 | 24,4 | 26,5 | 24,4 | 18,2 | 10,1 | 2,5 | -3,1 | 10,6 | 32,0 |
| Shımbay | -5,5 | -4,0 | 2,8 | 12,5 | 20,2 | 24,7 | 26,7 | 24,2 | 18,0 | 9,8 | 2,3 | -3,4 | 10,7 | 32,4 |
| Nókis | -5,0 | -3,3 | 3,9 | 13,3 | 21,0 | 26,0 | 28,0 | 25,4 | 19,1 | 10,8 | 3,0 | -2,9 | 11,6 | 33,5 |
| Jaslıq | -7,5 | -6,8 | 0,2 | 10,4 | 18,7 | 24,2 | 27,1 | 24,8 | 17,9 | 8,5 | 1,3 | -3,3 | 9,6 | 34,5 |
| Chaban-qazǵan | -8,2 | -6,0 | 2,2 | 13,0 | 20,7 | 26,0 | 28,6 | 25,9 | 19,0 | 9,5 | 1,4 | -4,7 | 10,6 | 37,1 |

*Materialı po izmenchivosti klimata Priaralya, T., 1994

Shımbay hám Qońıratta hawa temperaturası amplitudasınıń pás bolıwı bul meteostanciyalarınıń diyxanshılıq zonasınıń ishinde jaylasqanlıǵına baylanıslı bolsa kerek. Hawa temperaturasınıń absolyut minimumı -28-$30^0$S, al absolyut maksimumı +39-$40^0$C ǵa jetedi, yaǵnıy absolyut amplituda kórsetkishi $67^0$C tı quraydı. Bul kórsetkish basqa meteostanciyalarǵa qaraǵanda bir qansha pás. Solay bolıwına qaramastan hawa temperaturasınıń bunday shaması klimattıń aytarlıqtay joqarı kontinentallıǵın kórsetedi.

Keyingi dáwirde rayon aymaǵında antropogen tásirlerdiń kúsheyiwi nátiyjesinde úlken ózgerisler júz bermekte. Bul bárinen de burın Ámiwdárya basseynindegi suwdan paydalanıwdıń durıs jolǵa qoyılmaǵanlıǵınan kelip shıqpaqta.

Bul processler nátiyjesinde aymaqtıń klimatlıq sharayatı keskin ózgeriske ushıraǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Klimattıń ózgeriske ushırawınıń tiykarǵı sebebi Aral teńiziniń 1960-jıldan keyingi dáwirden keyin qáddiniń páseyiwi nátiyjesinde suw muǵdarınıń keskin azayıwı boldı. Aral teńizi Túslik Aral boyı regionı ushın klimattı retlestiriwshi retinde qaralatuǵın edi. Onıń suwınıń kóleminiń azayıwı, dáslep teńizdiń tásiriniń azayıwı, al házirgi dáwirde bolsa pútkilley joq ekenligin

kóriwimizge boladı. Bunı biz meteostanciyalardıń maǵlıwmatlarınan kóriwimizge boladı (2,4,6-kesteler).

2-keste

**Moynaq meteostanciyasında hawa temperaturasınıń ortasha aylıq hám ortasha jıllıq muǵdarı**, $^0$C

| Jıllar | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII | Jıl |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1990 | -5,6 | -3,7 | 6,4 | 13,3 | 20 | 27,4 | 27,6 | 25,7 | 21,1 | 10,6 | 4,6 | -4,6 | 11,9 |
| 1991 | -4,9 | -5,6 | 0,3 | 14,1 | 19,3 | 26,3 | 28,1 | 24,6 | 19,3 | 13,4 | 4,3 | -2,8 | 11,3 |
| 1992 | -2,9 | -2,1 | -0,8 | 10,9 | 17,9 | 24,1 | 27,1 | 23,2 | 18,1 | 9,1 | 4,4 | -1,3 | 10,6 |
| 1993 | -4,8 | -4,1 | 1 | 11,2 | 17,9 | 25,7 | 27,4 | 25,3 | 17 | 9,1 | -4,8 | -7,2 | 9,5 |
| 1994 | -8,9 | -9,9 | -0,5 | 10,5 | 20 | 25 | 26,1 | 26,6 | 18,8 | 9 | -0,4 | -3,7 | 9,4 |
| 1995 | -2,4 | -0,3 | 3,1 | 17,5 | 20,4 | 26,6 | 28,7 | 26,4 | 18,6 | 10,4 | 7,3 | -4,1 | 12,7 |
| 1996 | -10,1 | -6,8 | -1,9 | 9,6 | 20,8 | 26,6 | 28,2 | 24,1 | 19,2 | 10,5 | 1,3 | -1,1 | 10,1 |
| 1997 | -3,2 | -2,3 | 6,3 | 16,3 | 21,2 | 27,7 | 28,5 | 26,6 | 19,2 | 15,8 | -0,1 | -4,8 | 12,3 |
| 1998 | -9,8 | -5,5 | -0,5 | 13 | 19,7 | 28,6 | 30 | 26 | 19,7 | 10,7 | 2,5 | -2,4 | 11,0 |
| 1999 | -3,5 | -1,9 | 1,8 | 13,2 | 19 | 25,1 | 27,6 | 28,8 | 19 | 19,7 | 1 | -0,5 | 12,4 |
| 2000 | -4,3 | -0,4 | 5,2 | 18,9 | 19,5 | 25,7 | 28,4 | 28,6 | 19,3 | 7,3 | 0 | -1,1 | 12,2 |
| 1941-1960 | -5,3 | -5,3 | 0,0 | 8,7 | 17,7 | 23,3 | 25,8 | 25,0 | 19,5 | 11,4 | 2,7 | -3,4 | 10,0 |
| 1961-1970 | -5,3 | -4,4 | 1,7 | 9,3 | 18,6 | 23,6 | 26,5 | 24,8 | 18,8 | 10,6 | 4,0 | -1,7 | 10,5 |
| 1971-1980 | -8,3 | -8,1 | -0,2 | 10,4 | 18,5 | 24,3 | 27,1 | 24,6 | 18,9 | 10,1 | 3,8 | -2,0 | 10,0 |
| 1981-1990 | -4,3 | -5,1 | 0,6 | 11,5 | 19,2 | 25,1 | 28,1 | 25,6 | 18,7 | 8,5 | 2,2 | -3,0 | 10,7 |
| 1991-2000 | -5,5 | -3,9 | 1,4 | 13,5 | 19,6 | 26,1 | 28,0 | 26,0 | 18,8 | 10,6 | 1,6 | -2,9 | 11,1 |
| 1961-2000 | -5,9 | -5,4 | 0.9 | 11,2 | 19,0 | 24,8 | 27,4 | 25,2 | 18,8 | 10,0 | 2,9 | -2,4 | 10,6 |
| kóp jıllıq | -5,7 | -5,4 | 0,6 | 10,4 | 18,6 | 24,3 | 26,9 | 25,2 | 19,0 | 10,4 | 2,8 | -2,7 | 10,4 |

Hawanıń keyingi jıllardaǵı (1961-2000-jj.) ortasha aylıq hám jıllıq temperaturasın Aral teńizi qáddi turaqlı dáwir (1941-60 jj.) menen salıstırsaq, báhár hám jaz aylarında birqansha joqarılaǵanlıǵın, gúz aylarında páseygenligin, qıs aylarında aytarlıqtay ózgeriske ushırmaǵanlıǵın kóremiz. Báhár aylarında ortasha temperaturalar 0,3-2,5$^0$C ǵa, jaz aylarında 0,2-1,9$^0$C ǵa joqarılaǵanlıǵın, al gúz aylarında 0,7-1,4$^0$C tómenlegenligine guwa bolamız. Bul nárse Aral teńiziniń Moynaq rayonı aymaǵına tikkeley tásir etip, onıń klimatlıq sharayatın jumsartıp

turıwshı faktor ekenligin ayqın kórsetedi. Bul faktor bizden aldın da kóplegen alımlar hám izertlewshiler tárepinen aytılǵan edi.

Úyrenilip atırǵan aymaqtıń hawasınıń absolyut ıǵallıǵı hawa temperaturası rejimine uqsap, onıń joqarı kórsetkishleri jıllı dáwirge, al pás kórsetkishleri bolsa suwıq dáwirge tuwra keledi. Qıs aylarında onıń shaması (yanvar) 3,7-4,3 mb ǵa teń. Onıń jaz aylardaǵı (iyul) 16,7-20,0 mb jetedi. Biraq ıǵallıq jetispewshiligi jaz aylarında keskin seziledi (3-keste).

Ósimlik hám awıl xojalıq eginleri ushın eń áhmiyetlisi hawa ıǵallıǵınıń deficiti yamasa hawanıń toyınıwınıń jetispewshiligi bolıp esaplanadı. Onıń jetispewshililigi Moynaqta 17,1 mb, Shımbayda 18,2 mb hám Nókiste 23,6 mb ǵa teń boladı. Bunnan ıǵallıq jetispewshilik Moynaqta biraz pás ekenligi kóremiz. (3-keste).

3-keste

**Meteostanciyalar boyınsha hawanıń absolyut ıǵallıǵı, (**mb da**)***

| **Meteo-stanciyalar** | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII | Jıl |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Moynaq** | 3,7 | 3,9 | 5,0 | 7,9 | 12,4 | 16,7 | 20,0 | 19,3 | 14,3 | 9,2 | 6,0 | 4,3 | 10,3 |
| Qońırat | 3,6 | 3,9 | 4,9 | 7,4 | 10,6 | 14,9 | 17,7 | 16,7 | 12,0 | 7,5 | 4,9 | 3,5 | 9,0 |
| Shımbay | 3,6 | 4,0 | 5,1 | 7,4 | 10,4 | 14,0 | 16,9 | 15,5 | 11,4 | 7,2 | 4,7 | 3,9 | 8,7 |
| Nókis | 3,8 | 4,2 | 5,2 | 7,2 | 9,8 | 12,6 | 15,4 | 14,6 | 10,6 | 7,0 | 4,7 | 4,0 | 8,3 |
| Jaslıq | 3,4 | 3,5 | 4,4 | 6,2 | 8,6 | 10,6 | 12,2 | 11,8 | 9,0 | 6,7 | 4,6 | 3,8 | 7,1 |
| Chabanqazǵan | 3,6 | 4,1 | 4,6 | 6,4 | 7,9 | 9,6 | 10,6 | 10,9 | 7,6 | 5,7 | 4,3 | 3,4 | 5,6 |

*ÓzR Gidromet basqarması maǵlıwmatı

Hawanıń salıstırma ıǵallılıǵı kerisinshe jıldıń hám sutkanıń salqın dáwirinde joqarı bolıp, al jıllı dáwirinde onıń kórsetkishleri aytarlıqtay pás boladı. Qıs aylarında (dekabr-fevral) hawanıń salıstırma ıǵallılıǵı Moynaqta 82-84 % ti quraydı, al jaz aylarında 56-57% ke deyin tómenleydi. Keyingi jılları hawanıń sılıstırma ıǵallılıq dárejesinde de biraz ayırmashılıqlar bar bolıp, ol jıldıń jıllı dáwirinde baqlanadı. Aral teńiziniń qáddi páseyip barıwı, deltadaǵı kóllerdiń kópshiliginiń qurıp qalıwı, deltalıq gidromorf landshaftlardıń avtomorflasıwı hawanıń salıstırma ıǵallıǵına da tásir jasadı. Moynaqta bul ózgerisler tek jaz aylarında seziledi. Jaz aylarında keyingi on jıllıqta hawanıń salıstırma ıǵallılıǵı burıngı dáwirge salıstırǵanda 10-15 % ke páseygen bolsa, basqa máwsimlerde bunday ózgeristi sezbeymiz. Bul keyingi dáwirde aymaqta atmosfera jawın-shashınlarınıń bir qansha kóbeygenligine baylanıslı bolsa kerek.

Sonday-aq jıldıń jıllı hám suwıq dáwirlerinde sutkanıń hár qıylı waqıtları salıstırma ıǵallılıq kórsetkishleri bir-birinen úlken parıq qıladı. Bul nárse ásirese jaz aylarında (iyun-avgust) ayqın seziledi. Qıs máwsiminde hawanıń salıstırma ıǵallıǵı barlıq aylarda 80 % hám onnan joqarılıǵı menen ajıralıp turadı.

4-keste

**Moynaq meteostanciyasında hawanıń salıstırma ıǵallıǵı, (%)**

| Jıl | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII | jıl |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1991 | 86 | 82 | 81 | 76 | 69 | 55 | 52 | 49 | 60 | 62 | 84 | 86 | 71 |
| 1992 | 86 | 85 | 79 | 72 | 63 | 52 | 39 | 33 | 55 | 65 | 66 | 78 | 64,4 |
| 1993 | 74 | 70 | 73 | 74 | 71 | 59 | 56 | 56 | 54 | 62 | 83 | 91 | 68,6 |
| 1994 | 89 | 82 | 82 | 58 | 51 | 49 | 44 | 37 | 57 | 68 | 84 | 79 | 65,8 |
| 1995 | 78 | 84 | 89 | 67 | 43 | 46 | 47 | 47 | 62 | 67 | 72 | 86 | 65,6 |
| 1996 | 91 | 79 | 76 | 63 | 63 | 42 | 43 | 46 | 52 | 65 | 76 | 95 | 65,9 |
| 1997 | 97 | 94 | 72 | 66 | 49 | 40 | 40 | 45 | 53 | 71 | 83 | 88 | 66,5 |
| 1998 | 92 | 85 | 88 | 62 | 60 | 61 | 61 | 52 | 56 | 65 | 74 | 83 | 69,9 |
| 1999 | 83 | 77 | 60 | 60 | 59 | 51 | 61 | 50 | 62 | 64 | 75 | 71 | 64,4 |
| 2000 | 84 | 71 | 59 | 57 | 57 | 55 | 52 | 50 | 60 | 68 | 76 | 94 | 65,2 |
| 1941-60 | 83 | 82 | 79 | 69,5 | 61,5 | 57,5 | 59 | 61.5 | 63 | 67,5 | 75,5 | 81 | 70 |
| 1961-1970 | 82 | 82 | 80 | 70 | 59 | 58 | 59 | 61 | 62 | 69 | 78 | 83 | 68,6 |
| 1971-1980 | 83 | 82 | 78 | 68 | 60 | 56 | 57 | 60 | 63 | 71 | 79 | 84 | 70 |
| 1981-90 | 88 | 84 | 83 | 67 | 60 | 59 | 60 | 63 | 66 | 75 | 82 | 87 | 73 |
| 1991-2000 | 86 | 81 | 76 | 66 | 58 | 51 | 50 | 47 | 57 | 66 | 77 | 85 | 66 |
| 1961-2000 | 85 | 82 | 79 | 68 | 59 | 56 | 56,5 | 58 | 62 | 70 | 79 | 85 | 70 |
| Kóp jıllıq | 84 | 82 | 79 | 68 | 59 | 57 | 57 | 59 | 62 | 70 | 78 | 84 | 70 |

Klimattıń awıl-xojalıǵı ushın áhmiyetli sanlıq kórsetkishleri retinde jıllı kúnler sanı, sonday-aq hawa temperaturasınıń belgili dárejesinen ótiwshi kúnler sanı, usı múddet aralıǵındaǵı temperaturalar jıynaǵı, báhárdegi aqırǵı hám gúzdegi suwıq urıw datası tiykarǵı roldi oynaydı. Kóp jıllıq maǵlıwmat boyınsha báhárdegi $0^0$C tan ótiwshi data Moynaqta 14-mart, gúzgi ótiw datası 5-dekabr aralıǵında, al 235 kúndi quraydı. Bul kórsetkish Shımbayda 2-mart hám 29-noyabr kúnleri aralıqlarında ótedi, uzaqlıǵı 241 kúndi, Nókiste 28-fevralda hám 30 oktyabr kúnleri aralıǵında ótedi, uzaqlıǵı 244 kúndi quraydı. Bunnan Moynaqta bul data báhárde 12-14 kún kesh baslansa, gúzde 5-6 kún keyin júz beredi (Materialı po izmenchivosti klimata Priaralya, 1994).

Hawa temperaturasınıń $+5^0$C ótiwshi datası Moynaqta 2-aprel 6-noyabr kúnleri aralıǵında, uzaqlıǵı 218 kúndi quradı. Bunday kúnler sanı Shımbayda 24-mart hám 7-noyabr kúnleri aralıǵında, uzaqlıǵı 228 kúndi, Nókiste 19-mart hám 9-

noyabr kúnleri aralığında, uzaqlığı 235 kúndi quradı. Hawa temperaturasınıń +5$^0$C tan joqarı shaması tábiyiy jaylaw ósimlikleri hám gúzlik biyday ushın áhmiyeti bar.

Bizler ushın eń áhmiyetlisi +10$^0$C tan joqarı temperatura baqlanatuğın kúnler sanı hám onnan joqarı temperaturalar jıynağı bolıp esaplanadı. Bunday kúnler báhárde Moynaqta 18-aprelden gúzde 21-oktyabr kúnleri aralığında boladı. Bul dáwir uzaqlığı 186 kúndi quraydı. Bul dáwir Shımbayda 8-aprel hám 14-oktyabr kúnleri aralığında, uzaqlığı 183 kúndi, Nókiste 4-aprel hám 20-oktyabr kúnleri aralığında, uzaqlığı 199 kúnge teń.

Aymaqtıń +10$^0$C tan joqarı temperaturağa iye kúnlerdegi effektiv tempereturalar sanı 1960-2000$^0$C tı quraydı. Effetiv temperaturalar sanı keyingi on jıllıqlarda bir qansha ósti (8-10%). Biraq hawanıń báhár ayları hám jazdıń basındağı turaqsızlığı bunı joqqa shığaradı. Aymaqtıń agroklimatlıq resursları biydaydıń barlıq, salınıń orta hám erte piser, júzimniń ertehám orta piser sortların, mákke, júweri, ovosh, palız, ot-jemlik eginlerdi ósiriw ushın tolıq múmkinshilik beredi. Jońıshqanı 4 ret orıp alıwğa boladı.

Moynaq hám qońsı meteostantsiyalar boyınsha atmosfera jawın-shashınları muğdarı 1960-jıldan keyingi dáwirde burıngı dáwirge salıstırğanda ol 45 %ke kóbeygen. Bunday kórsetkishlerdiń joqarı bolıwın V.B.Chubtıń (2000) pikirinshe Orta Aziya regionında keyingi 30 jıldıń ishinde ığallı bolğanlıwı menen baylanıstıradı. Ayırım jıllar hám aylardağı anomal túrde jawın-shashınnıń kóp bolıwı, ásirese qıs aylarında qalıń qar qatlamın payda etip, sharwa malları, jabayı haywanlar ushın zıyan tiygizedi. Mısalı: bunday qubılıslar 1993, 1994-jılları baqlandı. Bul jılları qıs aylarında iri qaramallar hám mayda mallardıń ólip qalıw jağdayları keń ushırastı. Jawın-shashınlardıń máwsimler boyınsha muğdarında da ózgerisler payda boldı. Ayırım jıllar hám aylardağı anomal túrde jawın-shashınnıń kóp bolıwı, ásirese qıs aylarında qalıń qar qatlamın payda etip, sharwa malları, jabayı haywanlar ushın zıyan tiygizedi. Mısalı: bunday qubılıslar 1993, 1994-jılları baqlandı. Bul jılları qıs aylarında iri qaramallar hám mayda mallardıń ólip qalıw

jağdayları keń ushırastı. Jawın-shashınlardıń máwsimler boyınsha muğdarında da ózgerisler payda boldı.

5-keste

**Atmosferalıq jawın-shashın muğdarı, (mm de)**
(Materialı po izmenchivosti klimata Priaralya, T., 1994, meteostanciyalar mağlıwmatı)

| Meteo-stanciya-lar | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII | IX | X | XI | XII | Jıl | Jıllıq muğdarğa % esab. | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | IX-XI | XII-II | III-V | VI-VIII |
| **Moynaq** | 9 | 9 | 15 | 16 | 7 | 7 | 5 | 5 | 3 | 12 | 14 | 10 | 114 | 26 | 25 | 34 | 15 |
| **Qońırat** | 9 | 12 | 17 | 16 | 11 | 10 | 4 | 2 | 3 | 8 | 9 | 10 | 111 | 18 | 28 | 40 | 14 |
| **Shımbay** | 10 | 10 | 16 | 17 | 12 | 4 | 3 | 3 | 3 | 9 | 8 | 11 | 106 | 19 | 29 | 42 | 10 |
| **Nókis** | 9 | 10 | 16 | 17 | 12 | 5 | 4 | 2 | 3 | 8 | 8 | 11 | 105 | 18 | 29 | 43 | 10 |
| **Jaslıq** | 8 | 8 | 14 | 13 | 11 | 11 | 7 | 4 | 4 | 9 | 11 | 11 | 111 | 22 | 24 | 34 | 20 |
| **Chaban-qazğan** | 8 | 11 | 14 | 17 | 9 | 6 | 4 | 3 | 3 | 9 | 8 | 10 | 102 | 19 | 28 | 41 | 12 |

Ayırım jıllar hám aylardağı anomal túrde jawın-shashınnıń kóp bolıwı, ásirese qıs aylarında qalıń qar qatlamın payda etip, sharwa malları, jabayı haywanlar ushın zıyan tiygizedi. Mısalı: bunday qubılıslar 1993, 1994-jılları baqlandı. Bul jılları qıs aylarında iri qaramallar hám mayda mallardıń ólip qalıw jağdayları keń ushırastı. Jawın-shashınlardıń máwsimler boyınsha muğdarında da ózgerisler payda boldı. Burın báhár aylarında (mart-may) jıl dawamında jawatuğın jawın-shashın muğdarınıń 34% i tuwra kelgen bolsa, keyingi dáwirde 36,2% ke ósken yağnıy, kóp jıllıqqa salıstırğandı jánede 2% ke arttı, al jaz máwsimindegi salıstırma úles 1% ke kemeygen.

Aymaqtıń samal rejiminde arqa-batıs samallar ústemshilik etedi. Olardıń muğdarı barlıq samallardıń 30% i tuwra keledi, al arqa samallarına 12 % i, arqa-shığıs samallarğa 22 % i tuwra keledi. Qalğan barlıq táreplerge barlığı bolıp 36% i ğana tuwra keledi. Klimatlıq ózgerislerdiń ishinde eń zıyanlısı shańlı-duzlı birikpelerdiń Aral teńizi qurığan ultanındağı duzlı kebirlik aymaqlardan kóteriliwi

bolıp esaplanadı. Olardıń kóterilgen muǵdarı akademik A.Grigorevtiń (1981) tárepinen berilgen bolıp, 15-75 mln tonna dep keltirilgen.

Shańlı-duzlı samallar 1971-1980 jıllarda jılına 71 kúndi quradı. Olardıń hár bir gektarǵa túsken muǵdarı gektarına 250-500 kg dı quraydı (Qosnazarov, Razaqov, 1991). Keyingi dáwirde shańlı kúnler sanı biraz azaydı (1981-1990 jılı 55 kún). Bunıń tiykarǵı sebebi keyingi dáwirde samaldıń tezliginiń páseyiwi boldı (Chub, 2000).

Sonday-aq atmosfera jawın-shashınlar quramında hár qıylı duzlardıń muǵdarı kóbeydi. Teńiz jaǵa boyında olardıń muǵdarı 0,3 g/l, al delta bóliminde 0,2 g/l ge teń boldı.

Bul joqarıdaǵı klimat kórsetkishleriniń ózgerisleri aymaqta qolaysız tábiyiy qubılıslardı keltirip shıǵarıp atırǵanın kórsetedi. Qısqasha qılıp aytatuǵın bolsaq aymaq klimatındaǵı ózgerislerge jıllı dáwirdegi hawa temperaturasınıń biraz joqarılawı, atmosfera jawın-shashınlarnıń kóbeyiwi, hawa ıǵallıǵınıń páseyiwinde, anomal hádiyselerdiń kóbeyiwin keltiriwge boladı.

Klimattıń ózgerisleri bárinende burın usı jerde jasawshı jergilikli xalıqtıń jasaw sharayatına, organikalıq dúnyasına, tábiyiy komplekslerdiń jaǵdayına keri tásir etpekte.

## I.3. İshki suwları, suw resursları jáne olardan paydalanıw

Suw komponenti tábiyiy landshaftlar ushında, awıl-xojalıǵı ushında, sanaat ushında hám ishimlik suwı retindede áhmiyeti júdá úlken hám onıń ornın basıwshı komponent yáki jasalma derek joq. Suwdıń muǵdarı hám onıń sapası sol jerdegi xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawı ushın úlken rol oynaydı.

Shóllesiw dáwirine deyin Moynaq rayonı aymaǵı Ámiwdárya suwınıń hár jılı tasıwı hám deltalıq tegisliklerdiń suw astında bolǵınlıǵın, Aral teńiziniń turaqlı suw massası menen xarakterlengenligin barlıǵımız bilemiz. Dárya suwınıń sapasıda talapqa tolıq juwap beretuǵın bolǵan.

Ámiwdáryanıń sońǵı 80 jıllıq dinamikasına itibar beretuǵın bolsaq bir neshe etaptı ajıratwǵa boladı. Birinshi dáwirge 1931-1960 jıllar aralıǵındaǵı dáwirdi aldıq hám onı turaqlasqan dáwir dep atawǵa boladı. Bul dáwirde suw sarpı dáryada

(Samanbay gidropostı) 1496 $m^3/s$ tı quradı hám teńiz qáddi turaqlı 53 metr absolyut belgide turǵan. Suwdıń sapası bul dáwirde talapqa tolıq juwap bergen.

Ekinshi dáwirge 1961-1973-jıllar aralıǵın kirgizgenbiz hám onı suwdan paydalanıwdıń kóbeyiw dáwiri dep atadıq. Bul dáwirdiń ózgesheligi dárya suwınıń suwǵarıw ushın paydalanıwdıń ósiwi menen deltaǵa keletuǵın suw muǵdarınıń kemeyiwi menen xarakterlenedi. Suw sarpı bul dáwirde dáslepki dáwirge salıstırǵanda 25 % ke kemeygen. Suwdıń duzlılıǵı bir qansha artqan.

Keyingi jıllardı biz dáryanıń suwınıń tolıq retlestiriliwi menen xarakterlenetuǵın dáwir dep belgiledik. Bul dáwirde suw sarpı 293 $m^3/s$ ke teń boldı. Bul dáwirde Ámiwdáryada Taqıyatas gidrouzeli (1973 j.), Túyemoyın suwsaqlaǵıshı (1979 j.) salındı hám dárya tolıǵı menen jılawlandı. Usı dáwirden baslap Ámiwdárya deltasında hár jılǵı deltalıq suw jayılımı júz beriwi toqtadı.

Bul nárse deltalıq gidromorf ekosistemalardıń jaǵdayına jaman tásir etti. Suwdıń duzılılǵı Dáslepki dáwirge salıstırǵanda 3-4 barabarǵa joqarıladı, onıń qattılıq dárejesi artıp ketti.

6-keste

**Ámiwdáryanıń ortasha suw sarpı hám aǵımınıń ózgeriwi**
**Samanbay gidropostı***

| Baqlanǵan dáwirler, jj. | Dáwirdiń sıpatlaması (etapı) | Ortasha jıllıq suw sarpı, $m^3/c$ | Aǵım, $km^3$ |
|---|---|---|---|
| 1931-1960 | Turaqlasqan dáwir | 1496 | 47,2 |
| 1961-1973 | Birinshi etap (basseynde suwdan paydalanıwdıń ósiw dáwiri) | 1090 | 34,4 |
| 1974-2001 | Ekinshi etap (aǵımnıń tolıq retlestirilgen etapı) | 293 | 9,24 |
| 1931-2016 | Barlıq baqlanǵan period | 943 | 29,7 |
| 1961-2016 | Aǵımnıń tolıq retlestirilgen dáwiri | 533 | 16,8 |

Keste K.J.Allanazarov (2016 j.) tárepinen islep shıǵılǵan.

Joqarıdaǵı keltirilgen dáwirlerdiń ishinde de suw muǵdarı jıllar arasında bir tegis emes, buǵan Ámiwdárya suwınıń az yáki kem ekenligi tiykarǵı sebep bolıp tabıladı.

Kóp jıllıq maǵlıwmatlardı analiz etetuǵın bolsaq deltaǵa keletuǵın dárya suwı muǵdarı boyınsha úlken ózgerislerge iye. Eger suw muǵdarı 1961-1970 jılları deltaǵa hár jılı 33 $km^3$ di quraǵan bolsa, 1971-1980-jılları 17,2 $km^3$ di, 1981-1990-jılları 5,4 $km^3$di, 1991-2000-jılları 10,7 $km^3$ di quradı. Suwdıń eń az bolǵan jıllar

1981-1990-jıllarǵa tuwra keledi. Ayırım jılları dárya suwı Taqıyatas gidrouzelinen arqaǵa ótpegenligi kóremiz (1982, 1986).

Bunday halat keyingi waqıtta 1997 hám 2001, 2016-jılları baqlandı yaǵnıy keyingi dáwirde deltaǵa keletuǵın muǵdarınıń kóbeygenligine gúwa bolamız.

Bizler suw muǵdarı boyınsha dárya suwınıń kólemine qarap normal, kem hám normadan kóp bolǵan jıllarǵa ajırattıq. Olardı ajıratıwda tómendegi ólshemlerdi tiykar etip aldıq. Normadan kem jıllarǵa deltaǵa 3 $km^3$ den az suw ótken jıllardı, normal dep 3-10 $km^3$ aralıǵında suw ótken, al normadan artıq jıllar dep 10 $km^3$ den kóp suw ótken jıllardı kirgizdik.

Eger jıl dawamında 3 $km^3$ ǵa deyin suw muǵdarı deltanı tolıq suw menen támiyinlewge jetkiliksiz boladı. Jılına 3-10 $km^3$ aralıǵında suw muǵdarı deltadaǵı kóller hám deltalıq landshaftlardıń suwǵa bolǵan talabın tolıq támiyinleydi.

Suw muǵdarı jılına 10 $km^3$ tan kóp bolǵan jılları suw tek kóller hám deltalıq komplekslerden de awısıp, teńizge deyin barıp jetedi. Bunday suw mol bolǵan jılları aqırǵı jılları 1992-1994, 1998, 2003-jılları boldı, normada suw bolǵan jıllarǵa 1991, 1995-1996, 1999, 2017-jıllar, normadan suw az bolǵan jıllarǵa 1997, 2000, 2001-jılları boldı. Ásirese 2001, 2002-jılları bolǵan suw tamtarıslıǵı kóller hám deltalıq landshaftlardıń jaǵdayın keskin tómenletti. Kóller tolıǵı menen qurıp qaldı. Landshaftlardıń ónimdarlıǵı keskin páseydi. Biraq, 2002, ásirese 2003-jılı suwdıń kóp bolıwı kóllerdiń suw zapasınıń tolısıwına imkaniyat berdi.

Suwdı paydalanıw boyınsha Ámiwdárya deltasında bir qansha jumıslar islenbekte, biraq ele qılınatuǵın jumıslar júdá kóp. Bul bárinende burın deltada suwdı tegis bólistiriw máselesi.

Moynaq rayonın suw menen támiynlew ushın burınǵı Taldıqdárya tarmaǵı (Moynaq-Qońırat kanalı), Qazaqdárya, Ámiwdáryanıń bas ańgarı paydalanıladı. Kóllerdi suw menen támiyinlew ushın dárya suwı menen birge kollektor-drenaj suwlarıda paydalanıladı. Sudoche kóli KKS hám Rawshan kanalı arqalı, Qarajar-Kewsir kólleri Rawshan kanalı hám Aqbaslı (Pirimózek) arqalı, Mejdureche - Qıpshaqdárya, Maqpalkól - Shegekólden, Sarıbas, Moynaq qoltıqları Myasokombinat kanalı arqalı, Domalaqkól, Aqqala kóller sisteması Voroshilov

jıqqın, Maylıózek arqalı, Jıltırbas kóli -Qazaqdárya tarmaǵı, KS-1, KC-3 kollektorları arqalı alıp barıladı. Bulardı suw menen támiyinlew ushın jılına 2,5-3 $km^3$ ǵa jaqın suw muǵdarı kerek boladı. Bunday suw muǵdarın deltadaǵı kóller hám landashft komplekslerin suwlandırıw ushın tabıwǵa tolıq boladı.

Kóllerdiń ulıwma maydanı Moynaq suw xojalıǵı basqarması maǵlıwmatı boyınsha 215 mıń ga nı quraydı. Eger jılına suw júzesinen 1 metrge shamalas puwlanıwın esapqa alsaq, onda kóller ushın 2 $km^3$ kólemdegi suw muǵdarı kerek boladı, basqa deltalıq kompleksler ushın 1-1,5 $km^3$ suw kerek boladı.

7-keste

**Moynaq rayonındaǵı kóller hám olardıń ólshemleri**

| **Atı** | **Absolyut bálentligi, m** | **Maydanı, mıń ga** | **Ortasha tereńligi, m** | **Kólemi, mln $m^3$** |
|---|---|---|---|---|
| Mejdureche | 56 | 25,0 | 2-3 | 200 |
| Domalaqkól sisteması | 57 | 25 | 2-3 | 375 |
| Jıltırbas | 53 | 14 | 1-2 | 210 |
| Sarıbas | 53 | 11 | 1-2 | 165 |
| Moynaq | 52 | 14 | 1-2 | 210 |
| Maqpalkól | 54 | 15,3 | 2-3 | 230 |
| Zákirkól | 57 | 5 | 2-3 | 75 |
| Qarajar kóller sisteması | 55 | 45,2 | 2-3 | 678 |
| Sudoche | 54 | 41,5 | 1-3 | 922 |
| Ulıwma maydanı | | 215,7 | 1-2 | 2855 |

Kóller tiykarınan qamıs ósiriw, balıq ósiriw, sonday-aq keyingi waqıtları tábiyattı retlestirip turıwshı obekt retinde de qaralmaqta. Mısalı: Sudoche Dúnya banki joybarı boyınsha rekonstruktura qılınıp, gidroqurılıslar salındı hám kerekli tábiyiy obekt sıpatında qaralmaqta.

Bunday qurılıslar Jıltırbas, Mejdureche, Moynaq, Sarıbas (Rıbache) kóllerinde Araldı qutqarıw fondı qarjısı menen bir qansha gidroqurılıslar salındı (plotina, ırashlar, h.t.b.).

Moynaq rayonın suw menen turaqlı túrde jeterli támiyinlew ushın dárya basseynindegi diyxanshılıq tarawında túpkilikli burılıs jasaw zárúr. Suwdıń biykarǵa ısırap bolıwınıń aldın alıw jumısları, suwdı únemlew hám ekologiyalıq tárbiya boyınsha xalıq arasında keń úgit-násiyat jumısların júrgiziw lazım.

## I.4. Topıraqları, ósimlik hám haywanat dúnyası

Topıraq komponenti geograflar tárepinen landshafttıń «aynası» dep qaraladı. Sebebi landshafttaǵı ózgerisler topıraqta ayqın kórinedi. Rayon topıraqları 1961-jılǵa deyin gshidromorf sharayatta rawajlanǵan (Jollıbekov, 1983, 1995, Rafikov, 1978, 1982,1997, h.t.b.). Avtomorf hám yarım gidromorf topıraqlar júdá az maydandı quraǵan (8-keste).

Rayon topıraq qatlamı keyingi dáwirde ádewir ózgerip gidromorf topıraqlar muǵdarı keskin tómenlep olardıń ornın yarım gidromorf, avtomorf topıraqlar hám kebirlikler maydanı iyelemekte. Topıraqlar keleshektede qurǵaqlasıw baǵdarı menen ketedi hám shólge tán bolǵan topıraq qatlamı qáliplesiwi júz beriwi múmkin.

8-keste

**Ámiwdárya deltasınıń arqa bólimi topıraqlarınıń ózgeriwi**

| Topıraqlar | **1953 j.** | | **1979 j.** | | **1987 j.** | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Maydanı, mıń. ga | % | Maydanı, mıń. ga | % | Maydanı, mıń. ga | % |
| Gidromorf | 613,9 | 48,0 | 77,6 | 7,2 | 87,3 | 11,1 |
| Kebirler | 84,9 | 6,6 | 246,8 | 23,0 | 273,0 | 34,5 |
| Yarımgidromorf | 43,9 | 3,4 | 439,8 | 41,0 | 280,4 | 35,5 |
| Avtomorf | 7,0 | 0,5 | 284,5 | 26,4 | 120,1 | 15,2 |
| Suw júzesi | 530,8 | 41,5 | 25,9 | 2,4 | 29,0 | 3,7 |
| Barlıǵı: | 1280,5 | 100,0 | 1074,6 | 100,0 | 789,9 | 100,0 |

Kimberg h.t.b*, 1964; Rafikov, Baxritdinov, 1979; Popov** h.t.b., 1992

Rayonnıń jer resursların keletuǵın bolsaq barlıq maydan 3788116 gektardı quraydı. Sonnan 2,5 mln gektarı Aral teńizi aymaǵına tuwra keledi.

Barlıq jer fondınıń 399974 ga rı awıl xojalıǵında paydalanıladı, yaǵnıy barlıq maydanınıń 10,6 % ǵana awıl xojalıǵına tuwra keledi. Sonıń ishinde xojalıqlar hám fermer, járdemshi xojalıqlar hám basqada shólkemler tárepinen 8381 ga maydan egislik ushın paydalanıladı. Kóp jıllıq aǵashlar (baǵlar) 33 ga, partawlar 818 ga, pishenzarlıqlar 53160 ga, jaylawlar 136574 ga, tamarqa jerler 382 ga, toǵaylar 199552 ga, suwlar 163197 ga, sonıń ishinde dárya ańgarları 2990 ga, kóller 161107 ga, kanal hám kollektor-drenaj tarmaqları 17911 ga, jollarǵa 485 ga, injenerlik binalar, maydanlarǵa 1167 ga tuwra keledi.

**Ósimlikleri.** Moynaq rayonı aymaǵı ósimlik dúnyasınıń júdá baylıǵı menen ajırılıp turatuǵın aymaq edi. Deltada 655 ósimlik túri ushırasatuǵın edi (Floristicheskie i ekologo-geobotanicheskie). Bul kórsetkish jaǵınan Ámiwdárya deltası Orta Aziya dáryaları ishinde eń bayı bolıp sanalǵan.

Dárya suwınıń udayı tasıp, jayılım payda etiwi ósimlik dúnyasına qolaylı sharayat jaratatuǵın edi. Biraq keyingi dáwirdegi suw muǵdarınıń kemeyiwi deltalıq komplekslerdiń ósimlik komponentine keri tásir etti. Eger 1960-jılları deltada 600 mıń ga qamıszarlıq bolǵan bolsa, 1970-jılları 100 mıń ga ǵa deyin qısqarǵan. Házirgi dáwirde bul aymaqta barlıǵı bolıp 70 mıń ga ǵa jaqın qamıszarlıqlar qalǵan, olardıń ónimdarlıǵı bir neshe esege páseygen. Toǵay kompleksleri maydanı 1300 mıń ga bolǵan bolsa, 50 mıń ga ǵa deyin qısqarǵan, olardıń jaǵdayıda jaqsı emes. Aǵashlar ishinde quwraǵanları basım bolıp keledi. Ayırım suwda ósiwshi ósimlik túrleri tábiyiy sharayattıń ózgeriwine baylanıslı házirgi waqıtta joq bolıp ketken.

Burıngı gidromorf ónimdarlı ósimlikler ornına az ónimdarlı, shor jerde ósiwshi ósimlik assotsiatsiyaları maydanları keńeymekte. Ósimlik dúnyasıda tipik shól sharayatı baǵdarında rawajlanbaqta. Mısalı qamıs kompleksler ornına soralı, sarsazanlı, qarabaraqlı, jıńǵıllı formatsiya ósimlikleri qáliplespekte (Baxiev, 1977, h.b.).

Keyingi jılları Aral teńiziniń qurıǵan ultanında duzlı shańlardıń ushıwınıń aldın alıw maqsetinde Germaniya mámleketiniń «Texnikalıq birge islesiw boyınsha Germaniya jámiyeti» (GTZ) járdemi menen Qaraqalpaqstan toǵay xojalıǵı basqarması toǵay melioraciyalıq jumıslar júrgizilmekte. Bul shólkemge Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 1990-jılı 23-iyuldegi N 181-7 kórsetpesi menen Toǵay xojalıǵı basqarmasına 342 mıń ga maydan uzaq múddetke paydalanıwǵa berilgen, sonıń ishinde 80 mıń ga sı Texnikalıq birge islesiw boyınsha Germaniya jámiyetine (GTZ) uzaq múddetke biypul berligen. Olardıń járdemi menen házirgi waqıttı Aral teńizi ultanındaǵı qumlı-duzlı maydanlarda bir neshe mıń gektar seksewilzar, qandım hám basqada toǵay uchastkaları payda etilgen. Bul maydanlardıń úlken ekologiyalıq áhmiyeti bar. Olar topıraqtıń betin

bekkemlep, duzlı shańlardıń ushıwınıń aldın aladı, demek bir tárepten aymaqtıń ekologiyalıq sharayatın jaqsılaydı, ekinshiden ózine tán ósimlik haywanat dúnyasına iye landshaft kompleksleri payda etedi.

Házirgi waqıtta rayon territoriyasında dárya boylarındaǵı (Aqdárya, Aqbaslı, Taldıqdárya, Qıpshaqdárya h.t.b.) toǵaylardı saqlap qalıw hám tiklew máselesi de júdá áhmiyetli. Bul toǵaylar ózine tán ortalıq bolıp, haywanat dúnyası wákilleri ushın jasaw kóbeyiw mákanı bolıp esaplanadı.

Rayonda 200 mıń ga jaqın maydan jaylaw hám 60 mıń ga dan aslam maydanda qamıslı pishenzarlıqlar bar bolıp mal sharwashılıǵı ushın tiykarǵı ot-jem bazası bolıp xızmet etedi.

Jaylawlar hám pishenzarlıqlardıń jaǵdayı qanaatlandırarlı awhalda bolıwı ushın olardı jıl dawamında eń keminde 1-2 ret suw menen támiyinlew kerek. Bul nárseni aprel-may aylarında ámelge asırıw eń optimal esaplanadı (Baxiev, h.t.b., 1989).

**Haywanat dúnyası.** Deltadaǵı ózgerisler aymaqtıń kóp sanlılıǵı menen ajıralıp turatuǵın haywanat dúnyasına óz tásirin tiygizbey qalǵan joq. Shóllesiwge deyin deltada jer-suw haywanlarınan 2 túri, 35 ke shamalas jer bawırlawshılar, 65 sút emiziwshiler, 280 ge shamalas quslar túri hám kishi túri ushırasatuǵın edi (Reymov, 1972).

Deltada eń áhmiyetli haywanat túrlerinen ondatra, jabayı shoshqa, qamıs pıshıǵın, quslardan qırǵawıl, úyrek, ǵazlardı atap kórsetiwge boladı. Deltada kóllerdiń jaǵdaynınıń jamanlasıwı hám ań awlawdaǵı xojasızlıqlar kóplegen haywanat túrleriniń keskin azayıp ketiwine alıp keldi. Mısalı: ondatra 1960-jıllar 1 mln basqa deyin awlansa, házirge kelip onı awlaw toqtatılǵan esabı.

Moynaq rayonı burıngı Awqamda balıq sanaatı rawajlanǵan oray sıpatında belgili edi. Rayon aymaǵında deltalıq kóller hám Aral teńizinen jılına 200 mıń tsentner balıq awlanıp, Moynaq konserva kombinatında qayta islenip, awqamnıń túrli orınlarına jiberletuǵın edi. Deltalıq kóller hám Aral teńizinde 38 balıq túri jasaytuǵın edi (Sagitov, 1983). Olardıń kópshiligi teńiz qurıǵannan soń qurıp ketti. Házirgi dáwirde teńizde birde balıq túri jasamaydı. Keyingi waqıtta teńizde

artemiya ósiriwdi jolǵa qoyıw boyınsha jumıslar alıp barılmaqta. Bunıń ushın Moynaq balıqkonserva kombinatı bazasında jabıq tiptegi «Aral-invest» atlı Ózbek-Rossiya-Amerika birgeliktegi qospa aktsionerlik jámiyet dúzildi (2002 j.). Biraq ele bul ónim jetistirilmedi.

Rayon haywanat dúnyasında Aral teńiziniń qurıǵan ultanı aytarlıqtay ózgeshelikke iye. Bul aymaqta jas landshaft kompleksleri júzege kelip, endi qáliplesip baslaǵan, iri sút emiziwshiler júdá siyrek ushırasadı. Tiykarǵı haywanat dúnyası kemiriwshilerden ibarat. Aral teńizindegi atawlarda burıńǵı Awqam waqtında záhárli zatlar saqlanǵanlıǵı hám biologiyalıq poligon bolǵanlıǵı bul aymaqtan basqa aymaqlarǵa mutaciyaǵa ushıraǵan kesel haywanat dúnyası wákileriniń tarqalıwınıń aldın alıw zárúr. Bul nárse hár qıylı keseliklerdi tarqatıwı itimallıǵı júdá joqarı.

Juwmaqlap aytqanımızda Aral teńiziniń ultanında keyingi maǵlıwmatlar boyınsha 35-40 mıń $km^2$ maydanı suw astınan qurǵaqlıqqa aylanǵan. Sonıń jartısı Moynaq rayonı aymaǵına tiyisli. Bul aymaqtıń teńizdiń bunnan 30-40 jıl burıńǵı orınlarında belgili dárejede shól landshaftları qáliplesken. Tikarǵı landshaft túrleri teńiz jatqızıqlarındaǵı tóbeshikli qumlardaǵı qumlı topıraqlardaǵı seksewiller, tegis tegisliklerdegi taqırlı topıraqlardıǵı siyrek soralı, kebirliklerdegi sarsazanlı komplekslerdi mısal etip kórsetiwge boladı.

# II BAP. RAYON XALQI, ONIŃ SOCIALLIQ JAĞDAYIN JAQSILAW HÁM RAWAJLANDIRIW MÁSELELERI

## II.1.Xalıq sanınıń ósiw dinamikası

Adam hám jámiyet mudamı geografiyalıq izertlewlerdiń orayında turadı. Xalıq - bul jámiyettegi jetilistiriletug`ın materiallıq, ruwxıy baylıqlardıń dóretiwshisi bolıp qalmay, bul baylıqlardıń tutınıwshısı da bolıp esaplanadı. Sonıń ushında hár bir region úyrenilgende tiykarg`ı faktorlardıń biri retinde xalıq esapqa alınadı.

Joqarıda kórsetkenimizdey mámleketimizdiń házirgi social-ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwınıń baslı faktorlarınıń biri demografiyalıq hám xalıq sanınıń ósiwi faktorı úlken rol oynaydı. Sonlıqtanda, mámleketimiz Prezidenti basshılıg`ındag`ı ekonomikalıq rawajlanıw strategiyasınıń baslı printsipleriniń biri retinde demografiyalıq shárayatlardı tikkeley basshılıqqa alıw úlken wazıypa esaplanadı. Elimizde alıp barılıp atırg`an social-ekonomikalıq reformalardıń jemisli bolıwı xalıq sanı menen tikkeley baylanıslı.

Miynet resursları mashqalası da keleshekte jámiyetlik óndiristiń barlıq qubılısları menen tıg`ız baylanıslı bolıp, xalıqtıń aymaqlıq bólistiriliwi, miynet resursların jaylastırıw, sonday-aq xalıqtıń jınıs-jas strukturası, onıń demografiyalıq rawajlanıwına aytarlıqtay tásir jasaydı. Miynet resurslarınıń strukturasın hám onıń bántligin úyreniw keleshek jag`daydı boljawda úlken rol oynaydı.

Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimov atap ótkenindey: «Ózbekstannıń áhmiyetli ózgesheliklerinen biri, bul jerde xalıqtıń ósiw páti joqarı. Házir respublika kúdiretli miynet potencialına iye. Miynet resursları zahirası pútkil xalıqtıń derlik 50 procentin quraydı hám hár jılı 210-220 mıń adamg`a kóbeyip barmaqta»[2]

Xalıq xojalıg`ın rejelestiriw hám bunnan bılayda rawajlandırıw ushın hár bir regionnıń xalqı hám onıń ósiw dinamikasın úyreniw áhmiyetli bolıp esaplanadı.

---

[2] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.-Т.Ўзбекистон, 1997,253-254 б.

Rayon xalqı sanı búgingi kúnge kelip 30, 9 mıń adamdı quraydı. Sonnan qala xalqı 13,5 mıń, al awıl xalqı bolsa 17,4 mıń adam.(1-diagramma)

1-diagramma

**Rayonda qala hám awıl xalqınıń jaylasıwı***(*% te*)




*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı

Xalıq tıǵızlıǵı 0,8 adamdı quraydı. Rayonǵa boysınıwshı 1 qala hám 21 awıl puqaralar jıyını, 5 máhalle puqaralar jıyınları bar. Xalıq rayon aymaǵı boylap bir tegis jaylaspaǵan bolıp, bunıń tiykarǵı sebebi tábiyiy sharayatı bolıp esaplanadı. Xalıq tiykarınan suw obiektlerine jaqın aymaqlarında keń jaylasqan. Ulıwma alıp qaraǵanda Moynaq MPJ da 2742, Aral MPJ da 2774, Jayhun MPJ da 2949, Tallı-ózek MPJ da 2769, Doslıq MPJ da 1373, Ushsay APJ da 1205, Tik-ózek APJ da 2570, Bozataw APJ da 2908, Madeli APJ da 4230, Hakim ata APJ da 4299, Qazaq-dárya APJ da 2743 adam jasaydı. Bul jerde eń joqarı kórsetkish, Hakim ata APJ-ina (4299 adam ) tiyisli bolsa, eń tómen kórsetkish Ushsay APJ-ına (1205 adam) tiyisli. Rayonda ulıwma 5453 shańaraq jasaydı. Sonnan, 496 shańaraq Moynaq MPJ-ında, 470 shańaraq Aral MPJ-ında, 591 shańaraq Jayhun MPJ-ında, 549 shańaraq Tallı-ózek MPJ-ında, 543 shańaraq Doslıq MPJ-ında, 282 shańaraq Ushsay APJ-ında, 252 shańaraq Tik-ózek APJ-ında, 517 shańaraq Bozataw APJ-ında, 548 shańaraq Madeli APJ-ında, 677 shańaraq Hakim ata APJ-ında, 528 shańaraq Qazaq-dárya APJ-ında jasap kelmekte ( 9-keste).

Házirgi waqıtta xalıq hám onıń talabın qanaatlandırıw ushın sharayatlar tuwǵızıw, biziń húkimetimizdiń aldına qoyǵan tiykarǵı maqsetleriniń biri bolıp esaplanadı. Sonlıqtan biziń elimizdiń xalqın, onıń rawajlanıw nızamlıqların tereń úyreniwimiz áhmiyetli hám aktual wazıypalardan bolıp esaplanadı.

Hár bir eldiń ekonomikalıq salıstırmalı joqarı pát penen ósiwi xalıqtıń jámiyetlik óndiriske qatnastırılıwı, miynetkeshlerdiń turmıs jaǵdaylarınıń jaqsılanıwı, xalıqtıń abadanshılıǵınıń artıwı menen, medicinalıq xızmet kórsetiwdiń rawajlanıwı sol territoriyadaǵı xalıqtıń ósip rawajlanıwında ózgerisler payda etedi. Bul ózgerislerdiń nátiyjesinde xalıqtıń den-sawlıǵı jaqsılanadı, ólimshilik azayadı. Ólimshiliktiń azayıwı, óz gezeginde xalıq sanınıń kóbeyiwine alıp keledi.

Xalıqtıń sanı haqqında maǵlıwmatlardı xalıq esap-sanaǵın berip otıradı. Moynaq rayonı xalqınıń ósiw dinamikasın 10-kesteden kóriwimizge boladı.

9-keste

**Rayon xalqı aymaqlar kesiminde** *(adam esabında)**

| **Rayonǵa boysınıwshı qala hám puqaralar jıyını atı** | **Barlıq xalıq sanı** | **Shańaraqlar sanı** | sonnan, kem támiyinlengen | **Jas shańaraqlar sanı** *(30 jasqa shekem)* |
|---|---|---|---|---|
| **Rayon boyınsha:** | **30562** | **5453** | **1240** | **1145** |
| Moynaq MPJ | 2742 | 496 | 111 | 104 |
| Aral MPJ | 2774 | 470 | 113 | 99 |
| Jayhun MPJ | 2949 | 591 | 120 | 124 |
| Tallı-ózek MPJ | 2769 | 549 | 112 | 115 |
| Doslıq MPJ | 1373 | 543 | 55 | 114 |
| Úshsay APJ | 1205 | 282 | 49 | 59 |
| Tik-ózek APJ | 2570 | 252 | 104 | 53 |
| Bozataw APJ | 2908 | 517 | 118 | 109 |
| Madeli APJ | 4230 | 548 | 172 | 115 |
| Xakim ata APJ | 4299 | 677 | 175 | 142 |
| Qazaqdárya APJ | 2743 | 528 | 111 | 111 |

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı

Kestede kórsetilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda Moynaq rayonınıń xalqınıń sanınıń 1979 jılı menen 2015-jıl aralıǵında 23,0 mıń adamǵa artqanın kóremiz. Al usı jıllar aralıǵındaǵı jıllarda xalıqtıń ósiw dinamikası kóp terbeliske iye boldı. Mısalı, 1979 jılı 30,6 mıń adam jasaǵan bolsa, 1989 jılı 35,3 mıń adamǵa, 1991 jılı

39,5 mıń adamǵa, 1995 jılı 40,0 adamǵa kóbeygen. Bul waqıttaǵı xalıqtıń kóbeyiwine migratsiya protsessleri óz tásirin tiygizdi desek qátelespeymiz. Al sońǵı jıllardaǵı xalıq sanınıń kem-kemnen artıp barıwı, bul sońǵı jıllardaǵı Moynaq rayonınıń ekologiyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı alıp barılıp atırǵan hár qıylı ilajları menen baylanıslı bolıp atır.

10-keste

**Moynaq rayonı xalqınıń ósiw dinamikası**
(mıń adam esabında)

| **Jıllar** | Xalıq sanı | **Jıllar** | Xalıq sanı |
|---|---|---|---|
| **1979** | 23,9 | **2008** | 28,6 |
| **1989** | 27,3 | **2009** | 28,4 |
| **1999** | 28,5 | **2010** | 28,6 |
| **2000** | 29,1 | **2011** | 29,0 |
| **2001** | 29,1 | **2012** | 29,2 |
| **2002** | 28,8 | **2013** | 29,4 |
| **2003** | 28,7 | **2014** | 29,7 |
| **2004** | 28,7 | **2015** | 30,2 |
| **2005** | 28,5 | **2016** | 30,6 |
| **2006** | 28,4 | **2017** | 30,9 |
| **2007** | 28,4 | | |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı tiykarında tayarlandı

Al sońǵı jıllardaǵı xalıq sanınıń kem-kemnen artıp barıwı, bul sońǵı jıllardaǵı Moynaq rayonınıń ekologiyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı alıp barılıp atırǵan hár qıylı ilajları menen baylanıslı bolıp atır.Sonday-aq, rayon aymaǵınıń ózgerip turıwı da xalıq sanınıń sekirmeli ózgeriwine tásir kórsetpekte.

Xalıqtıń ósiw dinamikası xalıqtıń demografiyalıq rawajlanıwı hám migraciyasına da baylanıslı boladı. Xalıqtıń demografiyalıq rawajlanıwı xalıqtıń ónip-ósiwin, tuwılıwshılıq, ólimshiligin hám tábiyiy ósimin túsinemiz.

## II. 2. Rayon xalqınıń demografiyalıq jaǵdayı

Xalıqtıń udayı kóbeyiwi, yag`nıy tuwılıwshılıq, ólimshilik hám tábiyiy ósim kórsetkishleri tiykarında áwladlardıń almasıwı, aymaqlardıń demografiyalıq jag`dayınıń tiykarın quraydı. Xalıqtıń udayı kóbeyiwi nátiyjesinde xalıqtıń sanı, jas-jınıs hám shańaraq quramı úziliksiz ózgerip baradı. Bul jag`day hár bir aymaqta, mámlekette belgili bir social-ekonomikalıq hám demografiyalıq

mashqalalardıń kelip shıg`ıwına sebep boladı. Xalıqtıń udayı kóbeyiw protsessi bolsa óz náwbetinde, bir qansha sotsiallıq, tábiyiy, demografiyalıq hám ekonomikalıq faktorlar menen baylanıslı ámelge asadı. Sol sebebli, xalıqtıń udayı kóbeyiw processi jámiyet rawajlanıwınıń hár bir basqıshında, belgili nızamlılıqlarg`a iye.

Xalıqtıń turmıs táriziniń jaqsılanıwı, ólimshilik dárejesiniń kemeyiwi, xalıqtıń den-sawlıg`ın saqlawdı jaqsı jolg`a qoyıw, analıq hám balalıqtı qorg`aw boyınsha kóriletug`ın ilajlar xalıqtıń tábiyiy ósiwiniń rawajlanıwın támiyinleydi.

Ótken ásirdiń dáslepki jıllarında medicinalıq járdemniń tómen dárejede bolıwı, kúshli ekspluatatsiyalawdıń nátiyjesinde hám durıs awqatlanbaw saldarınan respublikamızda hám sonıń ishinde rayonımız xalqınıń arasında ólimshilik júdá joqarı bolǵan. Sońǵı jıllardaǵı medicinanıń, mádeniyattıń rawajlanıwı, sanitariyalıq awhaldıń jaqsılanıwı xalıq sanınıń artıwına alıp keledi. Xalıqtıń materiallıq jaǵdayınıń jaqsılanıwı tuwıwshılıq artıwına hám óliwshilik koefficientiniń tómenleniwine alıp keldi. Sońǵı jıllarda bolıp atırǵan ózgerislerdiń nátiyjesinde, yaǵnıy hayal-qızlardıń erler menen teń huqıqlı bolıwı hám jámiyetlik jumıslarǵa tartılıwları tek ǵana qala xalqı arasında emes, al awıl xalqı arasında da tuwılıwshılıqtıń azayıw tendenciyaları bolıp atır. Burınları semyalarda ortasha 4-5 bala tuwılsa, házir balalardıń sanı ortasha 2-3 balaǵa túspekte. Buǵan sebep sońǵı jıllardaǵı ekologiyalıq jaǵdaydıń jamanlasıwı, jaslardıń shańaraq qurıw jasınıń úlkenligi, sanalı túrde balalardıń sanın sheklewi bolıp atır.

**Tuwılıwshılıq -** bul áwlad almasıwdı úzliksiz támiyinlep otıradı. Tuwılıwshılıq demografiyada xalıqtıń udayı ósiwiniń eń baslı komponentleriniń biri bolıp esaplanadı.

Biz xalıqtıń tuwılıwshılıǵın anıqlaǵanımızda onı belgili bir waqıt aralıǵında kóremiz. Biz xalıqtıń tuwılıwshılıǵın esaplaǵanımızda onıń absolyutlik shamasın emes, al hár bir mıń adamǵa esaplaymız. Tuwılıwshılıq dárejesi kóplegen sociallıq hám ekonomikalıq faktorlardan ǵárezli. Xalıqtıń mádeniyat dárejesiniń ósiwi, tuwılıwshılıqtıń azayıwına múmkinshilik tuwdıradı. Adamlardıń bilim alıwǵa, hám taǵı basqa qızıǵıwshılıǵı artıp, onda balalar sheklengen orındı iyelep, olardı oqıtıp

hám tárbiyalawǵa juwapker bolıw túsiningi artadı. Sonday-aq ata-analar tárepinen buǵan waqıt hám zárúrli zatlardı ajıratıw mashqalasıda kelip shıǵadı. Bular az balalı shańaraqlardıń qáliplesiwine alıp keledi. Sonday-aq hayal qızlardıń, ásirese qalalıq jerlerde jámiyetlik jumıslarǵa kóplep tartılıwı da tuwılıwshılıqtıń azayıwına alıp keledi. Ólimshilik tiykarınan derlik jasaw jaǵdaylarınan ǵárezli boladı. Ólimshilik xalıqtıń hár qıylı jas gruppalarında turmıstıń materiallıq dárejesine, miynettiń hám turmıstıń sanitariyalıq, gigienalıq jaǵdaylarına, awırıwdıń aldın alıwdıń profilaktikasınıń rawajlanıwına joqarı dárejedegi medicinalıq járdem kórsetiwgede baylanıslı boladı.Moynaq rayonı ózine tán demografiyalıq jag`dayg`a iye rayon. Onıń demografiyalıq jag`dayı xalıqtıń ósip barıwı, tuwılıw, ólim, neke hám ajıralısıw sıyaqlı demografiyalıq protsesslerde kórinedi

Xalıqtıń tábiyiy ósimi tuwılıwshılıq hám ólimshilik ayırmasınan kelip shıg`adı. Tuwılıwshılıq hám ólimshilik - bul biologiyalıq qubılıslar. Tuwılıwshılıq kórsetkishleri bul bir qansha faktorlarg`a baylanıslı boladı. Bul faktorlarg`a ólimshilik dárejesi, xalıqtıń turmıs dárejesi, milliy dástúrler h.t.b. mısal bola aladı.

Moynaq rayonınıń demografiyalıq rawajlanıw kórsetkishlerin 11-sanlı kesteden kóriwge boladı. Kesteden kórinip turǵanlıǵınday tuwılıwshılıq 1989-jılǵa salıstırǵanda 2003-jılı hár 1000 adamǵa 45 adamnan 21 adamǵa yamasa eki eseden kóbirek páseygen, ólimshilik kórsetkishleri hár 1000 adamǵa páseygenligine qaramastan, absolyut shaması da 1990-jılǵa salıstırǵanda eki derlik ese páseygen. Tábiyiy ósim kórsetkishi hár 1000 adamǵa 36 adamnan 15 adamǵa deyin azayǵan, yaǵnıy 2,4 esege páseygen. Migraciyalıq ósim burın unamlı bolǵan bolsa, keyingi jılları keskin túrde unamsız tárepke ózgergen. Hátteki, 2005-jılı mexanikalıq keri mániste tábiyiy ósimnen de joqarı bolǵan. Bul rayon xalqınıń ósiwin emes, kemeyiwin kórsetedi. Biraq sońǵı jıllarda mámleket basshılarınıń Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı qaratıp atırǵan itibarına baylanıslı bul jaǵdaydıń biraz jumsarǵanın kóriwge boladı. 2015-jılı migraciya saldosı plyus kórsetkishke, al házir 0,1-0,2 protsent átirapında terbelmekte. Xalıqtıń tábiyiy ósiminiń keskin tómenlewi hám mexanikalıq ósimniń keri tárepke ósip ketiwiniń baslı sebebi xalıqtıń sociallıq-ekonomikalıq turmıs jaǵdayınıń tómenlewi, ásirese

buǵan 2000-2001-jıllardaǵı suw tamtarıslıǵı úlken sebepshi boldı. Xalıqtıń ósiwin jaylasıwın hám tıǵızlıǵın xarakterleytuǵın materiallardı úyreniw keleshekte miynet resursların rawajlandırıwdaǵı múmkinshiliklerdi, sonday-aq, miynet resursların ratsional jaylastırıwǵa Qaraqalpaqstannıń óndirisi durıs jobalastırılǵan analizin beriwde úlken áhmiyetke iye.

Biz xalıqtıń jıs hám jınıs quramınıń maǵlıwmatları menen tanısa otırıp, sol rayonnıń yaki qalanıń kompleksli rawajlanıwınıń ilimiy tiykarlanǵan rekomendaciyaların islep shıǵamız, usınıń tiykarınan er adamlardıń hám hayallardıń miynetinen durıs paydalanamız, emlew profilaktikalıq hám jas balalar ushın baqsha, mektep, dem alıw orınların jobalastırıw hám taǵı basqa islerdi islewimizde úlken áhmiyetke iye. Xalıqtıń jınıs hám jas quramı miynet resurslarınan anıqlawda xalıq xojalıq tarawların rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Sonday-aq xalıqtıń jınıs hám jas quramına hár qıylı obektiv faktorlar tásir etip otıradı. Mısalı: bala waqtındaǵı belgili bir jastaǵı balalar sanınıń kóp yamasa az bolıwına biologiyalıq faktorlarda tásir etedi. Xalıqtıń jınıs hám jas quramı miynet resurslarınan anıqlawda xalıq xojalıq tarawların rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Sonday-aq xalıqtıń jınıs hám jas quramına hár qıylı obektiv faktorlar tásir etip otıradı. Mısalı: bala waqtındaǵı belgili bir jastaǵı balalar sanınıń kóp yamasa az bolıwına biologiyalıq faktorlarda tásir etedi. Al joqardaǵı gruppada bolsa, turmıstıń sotsiallıq sharayatlarına baylanıslı hayal-qızlar hám erler arasındaǵı ólimshiliktiń hár qıylılıǵı tásir etedi. Óndiriste isleytuǵın miynet resurslarınıń muǵdarı xalıqtıń jınıs hám jası haqqındaǵı maǵlıwmatlardan anıqlanadı. Xalıqtıń jınıs hám jas strukturasınıń qatnası nege kerek? degen de soraw kelip shıǵıwı múmkin. Rayon xalqınıń jınıslıq quramı jas ayırmashılıqlar boyınsha hár qıylı ásirese, jası úlken adamlar arasında hayallardıń salıstırma salmaǵı kóp, al erlerdiń sanı az.

Bunday bolıwınıń tiykarǵı sebepleri erlerdiń jasaw jas uzaqlıǵı hayallardıń jasaw jasınan qısqa bolıwı, urıslarda nabıt bolıwı, sonday-aq texnikanı basqarıwı menen baylanıslı bolıp tabıladı. Endi rayon xalqınıń jas quramınıń kórsetkishlerin 12-kestede kórip shıǵayıq. Bul maǵlıwmatlar boyınsha rayonda 0-1 hám 1-7 jastaǵılardı salıstırma salmaǵı az ekenliginen dálil beredi.

11-keste

**Moynaq rayonı xalqınıń tábiyiy ósim kórsetkishleri**
(birlik esabında)

| **Kórsetkishler** | Jıllar | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1989 | | 1990 | | 2000 | | 2005 | | 2010 | | 2015 | | 2016 | | 2017 | |
| | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** | **Adam** | **%** |
| Tuwılıwshılıq | 1108 | 4,5 | 850 | 3.4 | 697 | 2,4 | 595 | 2,1 | 637 | 2,2 | 608 | 2,0 | 630 | 2,1 | 635 | 2,1 |
| Ólimshilik | 221 | 0.9 | 310 | 1,2 | 215 | 0,8 | 207 | 0,7 | 151 | 0,5 | 160 | 0,5 | 152 | 0,5 | 165 | 0,5 |
| Tábiyiy ósim | 897 | 3,6 | 540 | 2,1 | 482 | 1,7 | 388 | 1,3 | 486 | 1,6 | 448 | 1,5 | 478 | 1,6 | 470 | 1,5 |
| Mexanikalıq ósim migratsiya saldosı) | +146 | 0.6 | +988 | 3,9 | -437 | -1,5 | -405 | -1,4 | -213 | -0,7 | +20 | +0,1 | -127 | -0,4 | -52 | -0,2 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı tiykarında tayarlandı

Biraq erkeklerdiń wlesiniń hayal-qızlarǵa qaraǵanda 30 jasqa shekem qatlamda hám pútkil rayon boyınsha kórsetkishte de basım ekenligin kóriwimizge boladı.

12-keste

**Xalqınıń jas hám jınıs quramı** (2017 jıl) *(birlik)*

| Jası | Barlıǵı | Erkekler | Hayallar |
|---|---|---|---|
| **Xalıq sanı** **(***01.01.2017 j.)* | 30562 | 15597 | 14965 |
| 0-1 | 604 | 322 | 282 |
| 1-7 | 3568 | 1941 | 1627 |
| 7-12 | 3146 | 1553 | 1593 |
| 12-16 | 2257 | 1188 | 1069 |
| 16-19 | 1424 | 617 | 807 |
| 19-23 | 2045 | 1187 | 858 |
| 23-30 | 4590 | 2483 | 2107 |
| 30-60 | 10776 | 5330 | 5446 |
| 60-80 | 1942 | 887 | 1055 |
| 80-100 | 205 | 88 | 117 |
| 100 jas hám onnandan joqarı | 5 | 1 | 4 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı tiykarında tayarlandı

Bul maǵlıwmatlar boyınsha rayonda 0-1 hám 1-7 jastaǵılardı salıstırma salmaǵı az ekenliginen dálil beredi. Biraq erkeklerdiń wlesiniń hayal-qızlarǵa qaraǵanda 30 jasqa shekem qatlamda hám pútkil rayon boyınsha kórsetkishte de basım ekenligin kóriwimizge boladı.

Kesteden keltirilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda erkekler hám hayallar jas strukturasında úlken parq joq. Mısalı; erkekler jas strukturasında 15-59 jasqa deyingi erkekler sanı 9617, al hayal-qızlar 7883 adamdı quraydı. Rayonda pensiya jasınan ótken erkekler hám hayallardıń sanı 2152 adamdı quraydı. Erkekler ishinde miynetke jaramlı bolǵan resursları 55,0 % in er adamlar iyelese, al hayal-qızlar ishinde tek ǵana 45,0 % in iyeleydi. Xalıqtıń jınıs hám jas quramı miynet resursların anıqlawda xalıq xojalıq tarawların rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Sonday-aq xalıqtıń jınıs hám jas quramına hár qıylı obektiv faktorlar tásir etip otıradı. Mısalı, bala waqtındaǵı belgili bir biologiyalıq faktorlar tásir etedi. Al joqardaǵı gruppalarda bolsa turmıstıń sociallıq sharayatlarına baylanıslı hayallar hám erler arasında ólimshiliktiń hár qıylılıǵı kelip shıǵadı. Óndiriste isleytuǵın

miynet resurslarınıń muǵdarı xalıqtıń jınısı hám jası haqqındaǵı maǵlıwmatlar menen anıqlanadı. Jáne bizler hár bir elatlı punktlerdegi jas hám jınıslıq quramıda bir-birinen parq qılatuǵının anıqladıq.

Sonday-aq, xalıqtıń jas hám jınıs quramın úyrengenimizde onıń xalıqtıń nekelik hám shańaraq quramınada tásir etetuǵınlıǵın umıtpawımız kerek. Shańaraq bul jámiyettiń dáslepki social-ekonomikalıq yacheykası. Ol xalıqtıń ónip ósiwine, bala tárbiyasında, turmıstı shólkemlestiriwde áhmiyetli funkciyalardı atqaradı.

Házirgi waqıtta biziń respublikamızda jasawshı barlıq millettegi xalıqlar respublikanıń ekonomikalıq qúdiretin, mádeniy dárejesin bunnan bılay da joqarı kóteriw ushın ayanbastan miynet etip atır.

Moynaq rayonında kóplegen millet wákilleri jasaydı. Sonıń ishinde ózbekler, qaraqalpaqlar, qazaqlar tiykarǵı otırıqshı xalıqları bolıp esaplanadı. Olar burınnan qız alısıp, qız berisip aralasıp jasap kiyatırǵan taǵdiri bir xalıqlar.

Moynaq rayonınıń xalqınıń milliy quramın 2017 jılǵı esap boyınsha kóriwimizge boladı. Kestede kórip turǵanımızday rayon xalqınıń kópshilik bólegin jergilikli qaraqalpaq milleti wákilleri (66%) quraydı.

2-diagramma

**Rayon xalqınıń milliy quramı** *(2017 j.)**




*Diagramma Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri pasportı tiykarında tayarlandı

Házirshe qaraqalpaqlardıń úlesiniń usınday joqarı payızǵa iye bolıwı boyınsha Qaraqalpaqstanda birden bir rayon. Olar xalıqtıń 66% tin quraydı. Sanınıń kópligi boyınsha qazaq milleti wákilleri ekinshi orında turadı.

Olar xalıqtıń 30,1% tin tutqan. Ózbek hám rus milleti wákilleri 1,1% ke tuwra keledi (2 - diagramma). Xalıqtıń milliy quramına xalıqtıń nekelik hám shańaraq quramına tásir jasaydı. Tiykarǵı millet xalıqlarınıń nekelesiwiniń joqarı bolıwı hám olardıń kóp balalı bolıwı usı millet sanınıń ósimin anıqlaydı.

### II.3. Miynet resursları hám olardan paydalanıw dárejesi

Óndiris quralları hám isshi kúshi jámiyettiń óndiriwshi kúshlerin quraydı. Bul jerde isshi kúshi óndiriwshi kúshlerdiń sub`ektiv elementi bolıp, onıń roli óndiriste og`ada úlken. İsshi kúshisiz qanday dárejede rawajlang`an házirgi zaman texnikaları da jansız metallar toplamına aylanadı. Miynet resurslarnıń tiykarg`ı bólimin xalıqtıń miynetke jaramlı jastag`ı bólimi quraydı. Miynet resurslarına baha beriw demografiyanıń áhmiyetli tarawlarınan biri esaplanadı. «Miynet resurs»ları túsinigi mánisine qaray bir-birine jaqın keletug`ın bir neshe túsiniklerden ibarat. G.S.Vechkanov hám G.R.Vechkanovalar miynet resursların miynetti fizikalıq hám aqlıy uqıplılg`ı menen tiri tasıwshılar sıpatında qaraydı. Olardıń pikirinshe «miynet resursları» olardı jasaw ushın ekonomikalıq qatnas, miynet processindegi háreketler hám adamzat iskerliginiń basqada sferalarında xızmeti sıpatında kóriw kerek. Kóplegen ilimpazlardıń pikirinshe, miynet resursları - bul miynet islew qábiletine iye jastag`ı hám sol jastan úlken jáne kishi jastag`ı jumıs islep atırg`an adamlar jıyındısı túsiniledi. Sonıń menen birge «miynet resursları» ayırım jag`daylarda xalıqtıń miynet islew uqıplılıg`ına iye, jámiyetlik óndiriste bánt, sonday-aq zahiradag`ı (oqıwshılar, jumıssızlar, studentler) adamlardan da ibarat boladı.

Demek **miynet resursları** - bul adamshılıq jámiyettiń baslı óndiriwshi kúshi bolıp tabıladı. Miynet resurslarınıń sanı hám ósiw dinamikası, qánigelik hám bilim dárejesi mámleket xalıq xojalıg`ın rawajlandırıwdıń eń baslı faktorlarınan esaplanadı. Miynet resurslarına miynetke jaramlı 16-59 jas aralıg`ındag`ı erler, 16-54 jas aralıg`ındag`ı hayal-qızlar kiredi. Sonday-aq miynet islew uqıbına iye

pensionerler hám ayırım waqıtları 14-16 jas aralıg`ındag`ı jas óspirimler miynet resursları qatarına kirgiziledi.

Biz xalıqtı úyrengenimizde miynet resurslarına úlken kewil bóliwimiz kerek. Sebebi miynet resursların tolıq úyrenbey turıp, hesh bir jámiyettiń rawajlanıwı tuwralı sóz ete almaymız. Házirgi waqıtta Moynaq rayonınıń miynetke jaramlı xalqı jámiyetlik miynet, oqıw, bala tárbiyası, jeke járdemshi xojalıq hám úy xojalıǵı jumısları menen bánt. Moynaq rayonı respublikamızdaǵıǵa uqsap miynet resursları menen tolıq támiyinlengen rayon bolıp tabıladı. Rayonnıń miynet resursları tábiyiy ósim hám mexanikalıq ósim esabınan kóbeymekte. Moynaq rayonı territoriyasında barlıǵı bolıp 2017 - jıldıń 1-yanvarındaǵı maǵlıwmat boyınsha 30600 adam jasaydı. Sonnan 17500 adam miynetke jaramlı jastaǵı adamlar bolıp, onıń 10400 adamı jámiyetlik paydalı jumıslarda isleydi. Sońg`ı jıllardag`ı elimizde bolıp atırg`an ózgerisler Moynaq rayonınıń miynetke jaramlı jastag`ı adamlardı jumıs penen támiyinlewinde ózine jarasa mashqalalardı keltirip shıg`armaqta.

13-keste

**Miynetke jaramlı xalıq sanı** *(2017 j.)*

| Miynetke jaramlı adamlardıń sanı | | | Sonnan jámiyetlik miynet penen bánt adamlar sanı | | Barlıǵı | % esabında |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Barlıǵı | Erler | hayallar | Erler | hayallar | | |
| 17500 | 9617 | 7883 | 6344 | 4056 | 10400 | 59,4 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı tiykarında tayarlandı

Mısalı, 2017-jılg`ı statistikalıq mag`lıwmat boyınsha qalada 17500 adam miynetke jaramlı jastag`ı xalıq bolıp, sonnan 10400 miynet resursı jumıs penen bánt bolıp esaplanadı. Jumıssızlar sanı ele kóp yaǵnıy 7100 adamnan ibarat.

Moynaq rayonında miynetke jaramlı jastag`ılardıń 37,2%-i awıl-xojalıǵı, toǵay hám balıq xojalıǵında jumıs penen bánt. 2017-jıldaǵı xalıq xojalıg`ınıń tarawları boyınsha islewshiler sanı ósken bolsa, ayırım tarawlarında kemeygen (14-keste).

Keste mag`lıwmatlarınan kórip turg`anımızday 2017-jılı xalıq xojalıq tarawlarında 11000 adam bánt bolg`an. Tarawlar boyınsha jumıs penen bánt

adamlardıń sanınıń kópligi boyınsha sanaatta, awıl hám balıq xojalıǵı, xalıq bilimlendiriw tarawı hám qurılıs tarawları aldı da turıp, olarda islewshiler sanı 8900 adamdı quraydı, yag`nıy barlıq bánt bolg`anlardıń 80,9%-i usı tarawg`a tuwra keledi. Bul tarawda islewshilerdiń jıldan-jılg`a ósip barıwınıń tiykarg`ı sebebi, mámleketimizde alıp barılıp atırg`an sociallıq siyasatlar hám prezidentimizdiń pármanlarına sáykes sociallıq tarawlardıń rawajlanıwına kúshli itibar berilmekte.Rayonda kishi biznesti rawajlandırıwǵa úlken itibar qaratılmaqta. 2017 jılı kishi bizneste bánt xalıqtıń sanı 8400 den aslam adamdı qurap, onıń barlıq bánt xalıqqa salıstırǵandaǵı úlesi 76,4% ke teń boldı. Rayon boyınsha 2016-jılı 700, 2017-jılı 800 den aslam jańa jumıs orınları jaratıp berilgen. Jumısqa mútaj adamlar sanı 700 adamdı, al jumıssızlıq dárejesi 6,0 % quraydı.

Sonday-aq, transport hám baylanıs, sawda hám ulıwma awqatlanıw tarawlarında islewshiler sanı jıldan-jılg`a kemeyip barmaqta. Bunıń ayqın sebebi bazar ekonomikasına ótiw dáwirinde rayondag`ı kárxanalardıń tolıq tsiklde isley almawları, ekonomikalıq qıyınshılıqlarg`a hám básekege (konkurenciya) baylanıslı dep oylayman. Sońg`ı jıllardag`ı elimizde bolıp atırg`an ózgerisler Moynaq rayonınıń miynetke jaramlı jastag`ı adamlardı jumıs penen támiyinlewinde ózine jarasa mashqalalardı keltirip shıg`armaqta.

14-keste

**Rayon miynet resurslarınıń xalıq xojalıq tarawları boyınsha bóliniwi**

| Tarawlar | İslewshiler | |
|---|---|---|
| | Sanı | % úlesi |
| Sanaatta | 2000 | 18,2 |
| Awıl-xojalıǵı, toǵay hám balıq xojalıǵında | 4100 | 37,2 |
| Qurılısta | 1400 | 12,8 |
| Sawda hám awqatlandırıw mekemelerinde | 200 | 1,8 |
| Xalıq bilimlendiriw tarawında | 1400 | 12,8 |
| Tasıw hám saqlawda | 400 | 3,6 |
| Den-sawlıqtı saqlaw hám sotsiallıq xızmet kórsetiw tarawlarında | 500 | 4,5 |
| Basqa tarawlarda | 1000 | 9,0 |
| Rayon boyınsha | 11000 | 100 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq pasportı tiykarında tayarlandı

Rayon xalqınıń arasında 16 jasqa shekemgi jastaǵılardıń procentlik úlesi kóp. Bul jaqın jıllar ishinde miynetke jaramlı jastaǵı adamlar sanı jánede artıwınan

dálil beredi. Biraqta bul jumıs penen támiyinlew mashqalaların ketirip shıǵaradı. Qaraqalpaqstan Respublikasında Moynaq rayonınıń miynetke jaramlı jastaǵı adamlardıń sanı joqarı dárejede ekenligin kóremiz. Biraq elede bolsa adamlardı jumıs penen támiyinlew aytarlıqtay jolǵa qoyılmaǵan. Jumıssız adamlardıń sanı jıldan-jılǵa artpaqta. Ásirese jumıssızlıq rayon xalqınıń er adamlar arasında hám jaslardıń arasında aytarlıqtay seziledi.

Házirgi kúnniń aktual mashqalarınıń biri rayondaǵı jumıssızlıqtı saplastırıw bolıp esaplanadı. Bunıń ushın ásirese hayal qızlar ushın úyde otırıp óziniń bos waqıtlarında kiyim-kensheklerdi tigip satıwda, alasha toqıp satıwda iske asırıwımız kerek. Bunda biz eki tárepleme payda kóremiz. Birinshiden biz jumıssız otırǵan hayal-qızlardı jumıs penen támiyinlesek. Ekinshiden, húkimetke belgili bir procent pul tóleydi. Házirgi waqıtta jumıssızlardıń kún kórisi qıyın. Ásirese rayonda jaslardıń kóbisi jumıssız. Jumıssızlardıń qánigeligin ózgertiw boyınsha rayonda hár qıylı kurslar shólkemlestirilip atır. Bunnan basqa jumıssızlarǵa házir belgili muǵdarda húkimet tárepinen napaqalar tólenip atır.

Rayonda xalqı sanınıń ósiwi olardıń arasındaǵı miynetke jaramlı adamlardıń sanınıń ósiwine múmkinshilik beredi. Jánede jumıssızlar arasında adamlar ásirese er adamlar arasında kúnlikshilik islep júrgenler bar. Olar rayon aymaǵında, Ózbekstanda, Qazaqstanda, Rossiyada basqada shet ellerge barıp jumıs islep júr.

## III BAP. MOYNAQ RAYONININŃ SOCIAL-EKONOMIKALIQ RAWAJLANIWINDAǴI TIYKARǴI MASHQALALAR HÁM OLARDI SHESHIW JOLLARI

### III. 1. Moynaq rayonınıń sanaat tarmaqlarına sıpatlama

Moynaq 1931-jil 1-sentyabrde balıqshılıq penen shuǵıllanıwshı rayon sıpatında duzilgen. Tabiyiy geografiyalıq jaylasıwına qaray respublikamızdıń arqa bóliminde jaylasqan bolıp, arqada Qazaqstan respublikası, batısta Qońırat rayonı, qublada Qaraózek, Kegeyli, Shımbay rayonları menen shegaralasqan bolıp,aymaǵı Ámiwdárya deltası tegisligi hám Aral teńizinińÓzbekstan Respublikasına tiyisli bólimin óz ishine aladı. Tiykarinan bul jerdin tariyxına nazer taslasaq, burınlari Aral teńizi Moyaqtıń kóplegen aymaǵın iyelegen hám ataw (Toqpaq ata d.a)sanalatuǵın edi. Keyin ala tenizdiń suwınıń keskin kemeyip ketiwi nátiyjesinde yarım ataw hám házirgi kúndegi relyef,aymaqlıq kórinisine kelgen. Ulıwma jer maydanı 37.9 mıńkm kv,xalqi 30.9 miń, xalqınıń tıǵızlıǵı 1kv.km ge 0.8 adam tuwra keledi. 2018-jıl 1-yanvar halatına qaray rayon xalqınıń 13,4 mıń adam qalada, 17.5 mıń adam awıllıq jerlerde jasaydı. Rayon sanaatında burın tiykarınan balıqshılıq jetekshilik etken. Rayon orayı Moynaq qalası port qala esaplanatuǵın hám onda balıq konserva kombinatı, Aqqala ondatra xojalıǵı mamleketke ónimlerin jetkerip turatuǵın kárxanaları bar edi. 2000-jillardan baslap balıqshılıq tarawın rawajlandırıw tómenley basladı. Bul bolsa Aral teńizi mashqalasına barıp taqaladı. Aral teńizi suwınıń keskin kemeyip ketiwi bul aymaqta ekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıǵarmaqta. 2000 - jıllarǵa shekem rayonnıń ekonomikasınıń tiykarın balıqshılıq hám sharwashılıq tarawları quraǵan bolsa, Aral tenizi mashqalalarınıń keskinlesiwi, balıq sanaatına tán qásiyetlerdiń joǵalıwına alıp keldi. Sonday-aq, bul jaǵday teńiz átirapında jaylasqan ishki kóllerge de óz tásirin tiygizbekte, bul óz náwbetinde awil-xojalıǵınıń rawajlanıwına da kesent etti. Rayonda ekologiyalıq jaǵdaydı jaqsılawda, 2000- jıldan baslap respublika hám xalıqaralıq shólkemler menen birge bir qatar joybarlar ámelge asırılmaqda. Olardan Xalıqaralıq Araldı qutqarıw fondı Nókis filialı tárepinen qarjı ajıratılıp, teńiz átirapı hám Ámiwdáryanıń tómengi aǵımındaǵı kishi kóller jaratıw joybarına

baylanıslı usı aymaqtaǵı kollerdi dambalaw jumısları alıp barıldı. Házirgi kúnde ishki kóller rayondaǵı hám rayonnan tısqarı 31 xojalıqlarǵa uzaq múddetke ijaraǵa berilip, keyingi jillarda balıq awlaw páti biraz óskenin kóriwimiz múmkin. 2009-jili olar tárepinen 850 tonnadan ziyat balıq awlanǵan. Rayonda balıq ónimlerin qayta islewshi minitexnologiyaǵa tiykarlanǵan cexların qurıw shólkemlestirilgen, mısal retinde «Qazaqdáryabalıq» JSHJ balıqtı qayta islew cexin  atap ótsek boladi. Francıyanıń «Kofutis», Germaniyanıń GTZ orayı hám jergilikli toǵay xojalıǵı járdeminde Aral teńiziniń qurıp qalǵan ultanına jılına 7-8 mıń gektar maydanǵa seksewil, qandım sıyaqlı ósimlikler egilip toǵayzarlarǵa aylandırıldı. Sonıń menen birge bul jerler jer astı qazılma baylıqlarına hám bay. 1994 jıldan baslap «Uzbekneftegaz» milliy xolding kompaniyası sistemalar tárepinen ótkerilgen geologiyalıq izertlew jumısları nátiyjesinde jer astı qazılma baylıqları bar ekenligi anıqlanǵan. Házigi kúnde Aral tenizi qurıp qalǵan túbinde alıp barılıp atırǵan izertlew jumısları nátiyjesinde 70 ten aslam burǵılaw qudıqlarında gaz hám neft kánleriniń bar ekenligi anıqlanǵan. «Uzbekneftegaz» milliy xolding kompaniyası, Rossiyanıń «Lukoyl» kompaniyası, Malayziyanıń «Petroananas», Qıtay hám Qubla Koreya neft-gaz kompaniyaları sistemasindaǵı investorları konsorciumı tárepinen geologiyalıq izertlew jumısları alıp barılmaqta. Ushsay, Urge, Surguldegi gaz kánlerinen kondensat ajıratıp alıwshi 3 separator iske túsirilgen. Uzınlıǵı 63 kilometr bolǵan gaz qubırları «Buxara-Ural» transgaz qubırına tutastırılıp sutkasına 9600000 metr kub gaz hámde 200 tonna gaz kondensatı alınbaqta.

Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq rawajlanıwına sáykes tendenciyalar, Aral teńizi mashqalası rayonınıń ekonomikalıq rawajlanıwına da kúshli tosqınlıq jasadı. Rayonnıń tiykarǵı sanaat tarawları balıqshılıq hám onı qayta islew menen baylanıslı boldı. Al, awır sanaat tarawları kóp jıllar dawamında rawajlanıw múmkinshiligine iye bolmadı.

Rayonda házirgi kúnde sanaat tarawları Húrmetli prezidentimiz Shavkat Mirziyayev **“Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonın 2017-2018 jıllarda ekonomikalıq rawajlandırıw hám bántlikti támiyinlewge tiyisli qóshimsha is-ilajlar haqqında”**ǵı qararın qabıladı.

Bul qararǵa tiykarlanıp Moynaq rayonınıń geografiyalıq jaylasıwı, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanǵanlıq dárejesi, tábiyiy klimat sharayatı da resursları hám xalıqtıń talapların esapqa alǵan jaǵdayda, rayonda 2017-2018 - jıllarda ulıwma muǵdarı 52,3 mlrd. somlıq, sonnan 990 mıń AQSh dollarına teń bolǵan 72 joybar ámelge asırılıwı nátiyjesinde 1343 jańa jumıs ornı jaratılıwı názerde tutılǵan.

**Sonnan:**

- Sanaat baǵdarında 28 joybar (30,2 mlrd.som, 990 mıń AQSh dolları muǵdarında investitsiya) boyınsha 958 jańa jumıs ornı;

- Xizmet kórsetiw, servis hám turizm baǵdarında 28 joybar (17,2 mlrd.som muǵdarında investitsiya) boyınsha 282 jańa jumıs ornı;

- awıl xojalıǵın rawajlandırıw baǵdarında 16 joybar (4,9 mlrd.som muǵdarında investitsiya) boyınsha 103 jańa jumıs ornı jaratılıwı mólsherlengen.

**Sonday-aq, rayonǵa investorlardı keńirek tartıw hám isbilermenkerge jańasha qatnasta bolıw tiykarında qolaylıqlar jaratıw maqsetinde:**

- Moynaq rayonındaǵı burınǵı "Moynaq balıq konserva kombinatı" aymaǵında 16 gektar hám burınǵı 5-sanlı qurılıs bashqarması aymaǵında 4,5 gektar, jámi 20,5 gektar maydanda elektrotexnika, qurılıs materialları, suwǵarıw úskeneleri, suw nasosları, suw esaplaǵıshları, suw qubırları, tayyar trikotaj, tigiwshilik hám basqa da zamanagóy ónimlerdi islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw boyınsha "Moynaq" kishi sanaat zonasın payda etiw;

- "Moynaq" kishi sanaat zonasında jańadan shólkemlestiriletuǵın hám onıń maydanında sanaat tarawında jumıs alip baratuǵın isbilermen sub`ektler barlıq túrdegi salıqlardan azat etiliwi belgilendi;

- rayon aymaǵında dizimnen ótken hám sol aymaqta jumıs alıp barıwshı jeke tártiptegi isbilermenler qatań belgilengen salıqdan;

- rayon aymaǵında dizimnen ótken hám sol jumıs alıp baratuǵın kárxana hám shólkemler tárepinen joqarıda turǵan jumıs beriwshilerge

tólenetuǵın dividendler tárizindegi dáramatlar salıǵınan 10 jıl múddetke azat etiw belgilendi.

Sonıń menen birge, bul hújjette Moynaq rayonında ámelge asırılıwı belgilengen joybarlar boyınsha isbilermen sub`ektler ushın Oraylıq banktiń qayta qarjılandırıw stavkasınıń 50 procenti muǵdarındaǵi procent stavkasında kreditler ajıratıw názerde tutılǵan. Bunnan tısqarı, qararǵa muwapıq Moynaq rayonındaǵı mámleketlik múlk bolgan 12 bos turǵan obektlerden nátiyjeli paydalanıwdı shólkemlestiriw maqsetinde imkaniyatı bar bolǵan investorlarǵa «nol» satip alıw muǵdarında hám paydalanılmay atırǵan basqa mámleketlik obyektlerdi de «nol» muǵdardaǵı ijaraǵa da beriliwi belgilendi.

15-keste

**2017 jılda aymaqtı kompleksli rawajlandırıw Baǵdarlaması sheńberinde ámelge asılıp atırǵan sanaat óndirisi joybarları haqqında**

| Atları | Jámi joyba r sanı | Investiciya kólemi *(mln.sóm)* | sonnan | | | Jańa jumıs ornı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Óz qárejeti | Bank krediti | Shet el inves-ticiyası *(ming doll.)* | |
| **Jámi:** | **36** | **31133** | **12070** | **12743** | **790** | **940** |
| Jańadan shólkemlestiriw | 33 | 30448 | 11385 | 12743 | 790 | 917 |
| modernizatsiya | | | | | | |
| Keńeytiw | 3 | 685 | 685 | | | 23 |
| **- azıq-awqat baǵdarı** | **20** | **7469** | **3615** | **3854** | | **170** |
| Jańadan shólkemlestiriw | 17 | 6784 | 2930 | 3854 | | 147 |
| modernizatsiya | | | | | | |
| Keńeytiw | 3 | 685 | 685 | | | 23 |
| **Azıq-awqat emes zatlar baǵdarı** | **16** | **23664** | **8455** | **8889** | **790** | **770** |
| Jańadan shólkemlestiriw | 16 | 23664 | 8455 | 8889 | 790 | 770 |
| modernizatsiya | | | | | | |
| Keńeytiw | | | | | | |

Keste Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri pasportı tiykarında tayarlandı

Prezidentimiz tárepinen belgilenip berilgen ilajlar boyınsha 2017-jılı rayondı kompleksli rawajlandırıw boyınsha alıp barılǵan sanaat óndirisi joybarların tómendegi 15-kesteden kóriwimizge boladı. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda rayon boyınsha sanaat ónimin jetistiriw boyınsha bir qansha alǵa

ilgerilewler bar. Biraq, aldaǵı perspektivada sanaat tarawların rawajlandırıw hám onıń ónimdarlıǵın jaqsılatıw tarawlıq dúzilisin qayta qarap shıǵıwdı talap etedi. Rayon boyınsha házirgi sanaat tarawlarınıń strukturalıq dúzilisin hám tarawlardıń salıstırmalı túrde áhmiyetin tómendegi keste maǵlıwmatlarınan biliwge boladı (16-keste).

Sanaat tarawlarınıń strukturasında azıq-awqat hám jeńil sanaat rayon boyınsha sanaattan alınatuǵın ónimlerdiń basım kópshiligin tayarlaydı. Sonlıqtan, jeńil hám azıq-awqat sanaatın rawajlandırıw házirgi bar múmkinshiligine yáki ishki zat resursları menen támiyinlew dárejesine baylanıslı bolıp otır.

16-keste

**Rayon boyınsha sanaat tarawları quramı** *(2017 j.)*

| **Kórsetkishlerdiń atı** | **Kárxana sanı** | **Ónim kólemi *(mln, som)*** | **Ósiw páti *(%)*** | **Jámine úlesi *(%)*** |
|---|---|---|---|---|
| Jámi sanaat islep shıǵarıwı: | 12 | 87778,6 | 115,1 | 2,1 |
| *sonnan, sanaat tarmaqları kesiminde* | | | | |
| azıq-awqat sanaatı | 9 | 9407,4 | 82,3 | 10,7 |
| - miywe-ovoshlardı qayta islew sanaatı | - | 2314,2 | 122,8 | 2,6 |
| - gósh hám gósh ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı | - | 528,0 | 16,8 | 0,6 |
| - sút hám sút ónimlerin óndiriw sanaatı | - | 1945,6 | 103,8 | 2,2 |
| - konditer hám nan ónimleri sanaatı | 6 | 2470,6 | 61,8 | 2,8 |
| - basqa túrdegi azıq-awqat sanaatı | 3 | 2149,0 | 82,3 | 2,5 |
| Azıq-awqat emes zatlar sanaatı | 3 | 78371,2 | 121,1 | 89,3 |
| - mashinasazlıq sanaatı | - | 3,9 | 108,7 | 0,004 |
| - jeńil sanaat | - | 1379,8 | 103,7 | 1,6 |
| - qurılıs materialları sanaatı | - | 2931,3 | 15,2 | 3,3 |
| - basqa túrdegi azıq-awqat emes zatlar sanaatı | 3 | 74056,2 | 116,8 | 84,4 |

*Keste Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri pasport tiykarında dúzildi

Kestede berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda rayonnıń sanaat tarawlarınıń strukturasında jıl dawamında islep shıǵarılatuǵın ónimlerdiń kólemi boyınsha jeńil sanaat hám azıq-awqat sanaatları baslı orındı tutadı. Sońǵı jıllarda jeńil hám azıq-awqat sanaatı rayonnıń sanaat kompleksiniń tiykarın iyelep, bul tarawdıń

rawajlanıwı prezidentimiz tárepinen rayondı rawajlandırıw perspektivalı baǵdarlaması tiykarında ámelge asırılmaqta.

17-keste

**Rayonda bar bolǵan sanaat kárxanaları sanı**

*(birlik)*

| | |
|---|---|
| **Jámi sanaat kárxanaları sanı** | **19** |
| *sonnan,* | |
| - iri kárxanalar | 1 |
| - kishi kárxanalar | |
| - mikrofirmalar | 18 |
| Respublikaǵa boysınıwshılar | 1 |
| - sonnan, iri kárxanalar | 1 |
| Aymaqlıq boysınıwshılar | 18 |
| - sonnan, iri kárxanalar | |
| 2016-j jılda shólkemlestirilgen sanaat kárxanaları sanı | 4 |

*Keste Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri pasport tiykarında dúzildi

Kestede berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda rayonnıń sanaat tarawlarınıń strukturasında jıl dawamında islep shıǵarılatuǵın ónimlerdiń kólemi boyınsha jeńil sanaat hám azıq-awqat sanaatları baslı orındı tutadı.

Sońgı jıllarda jeńil hám azıq-awqat sanaatı rayonnıń sanaat kompleksiniń tiykarın iyelep, bul tarawdıń rawajlanıwı prezidentimiz tárepinen rayondı rawajlandırıw perspektivalı baǵdarlaması tiykarında ámelge asırılmaqta. Rayonnıń jeńil sanaat tarawlarınıń eń baslılarına 2017 jıl shólkemlestirilgen "Moynaq tekstil" JSHJ mısal etsek boladı. Bul kárxana tiykarınan balalar ushın tayyar tigiwshilik ónimlerin islep shigaradı. Jıllıq islep shıǵarıw kólemi 400 mıń dana tayar ónimge teń. Bulardan tısqarı 2017-jılda “Orient Texnologi” JSHJ trikotaj ónimlerin islep shıgarıwshı, “Jasmin Gold Group” JSHJ hám “Vishe Krishi Tashkent” JSHJ leri artemiya tuqımların qayta islew kárxanası, dári islep shıǵarıw boyınsha “Janabaev Aziz” jeke kárxanası, xolodilnik shólkemlestiriw boyınsha “Vishe Krishi Tashkent” JSHJ kárxanası, balıqshılıq ushın jem tayarlaw boyınsha “Moynaq akva sanaat” MUK kárxanaları shólkemlestirildi. Moynaq rayonı boyınsha azıq-awqat ónimlerin jetistiriwdiń kólemin hám nan ónimlerin óndiriwdiń jıllıq muǵdarın hám ósiw pátin ósiriwge de itibar qaratılǵan. Sonday-aq, rayonda balıq awlaw, makaron tayarlaw hám konditer ónimlerin óndiriw máseleleride sheshilmekte.

## III.2. Awıl xojalıq tarawları hám olardıń rawajlanıwı

Moynaq rayonı Qaraqalpaqstannıń eń arqa rayonı bolıp Ámiwdáryanıń quyar deltasında jaylasqan. Rayonda suwǵarmalı diyxanshalıqtı, ásirese sharwashılıqtı rawajlandırıw ushın úlken múmkinshilikler bar. Rayon awıl xojalıǵı tarawların rawajlandırıw ushın paydalanılatuǵın jerlerdiń kólemi 407,3 mıń ga dı qurap, sonnan egin jerleriniń maydanı 8,4 mıń, gektarǵa teń (18-keste)

18-keste

**Moynaq rayonınıń awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın jer fondınıń strukturası** *(2017-jıl)*

*(gektar)*

| **Ulıwma jer maydanı** | **407344** |
|---|---|
| Jámi egin jer maydanı | 8443 |
| sonnan, suwǵarılatuǵın | 8443 |
| onnan, shorlanǵan jerler | 8161 |
| ortasha shorlanıw dárejesi, (%) | 96% |
| Meliorativ jaǵdayı jaman jerler | 972 |
| Kóp jıllıq terekzarlar | 30 |
| *Sonnan:* | |
| - baǵlar | 30 |
| jaylawlar | 181650 |
| Tamarqa egin jerleri | 212 |

*Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarması maǵlıwmatı tiykarında dúzildi.

Kestede berilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda rayonnıń ulıwma jer fondı 378,8 mıń gektarǵa barabar, usınnan awıl xojalıǵında paydalanatuǵın jerler 10,7% tutadı. Al egislik ushın paydalanılatuǵın jerler 8,4 mıń gektarǵa barabar bolıp, rayon boyınsha xojalıqlarǵa bekitilgen jaylawlar 181,6 mıń gektardı iyelegen. Rayon boyınsha 30 gektar jer ǵana baǵlardan ibarat, bunnan miywe jetistiriw dárejesi tómen awhalda ekenligi kórinedi.

Awıl xojalıq tarmaqları tarawları analizine kelsek, ǵárezsizlikten keyingi dáwirde reformalıq ózgerislerge qaramastan hesh qanday ósimnıń joq ekenlig kerisinshe biydaydan basqa diyxanshılıq tarawlarınıń keskin tómenlep ketkenligin kóremiz. Tómenlew tek jer maydanda emes, al zúráátlik, álbette ónimde de sáwlelenedi.

Respublikamızdıń bay tábiyiy-geografiyalıq sharayatları awıl-xojalıǵınıń kóp tarmaqların, ásirese jıllılıqtı kóp talap etetuǵın tarawlardı rawajlandırıwǵa qolaylı esaplanadı.

Házirgi waqıtta húkimetimizdiń agrarlıq siyasatı awıl-xojalıǵı tarawların bunnan bılayda rawajlandırıw, sonday-aq awıl-xojalıǵı tarawların jańa usılda mexanizaciyalaw jańa texnikalar menen, mineral tóginler menen támiyinlewge qaratılǵan. Sońǵı jılları respublikamız rayonlarında sırt el texnikaları keńnen paydanılmaqta. Awıl-xojalıǵı tarawların intensifikaciyalaw, intensiv texnologiyanı ámelge asırıw boyınsha biraz jumıslar islenbekte. Degen menen respublikamızdaǵı biz izertlep atırǵan Moynaq rayonında da qıyın ekologiyalıq sharayatta awıl-xojalıǵı jumısların alıp barmaqta.

Prezidentimiz shıǵıp sóylegen sózlerinde awıl-xojalıǵına baylanıslı kóp máseleler bayanlanbaqta. Solardıń biri agrosanaat tarawların shiyki zat bazasına jaqınlatıw, awıllıq jerlerde kishi kárxanalar qurıw kerek dep atap ótken edi. Bul óz gezeginde awıllıq orınlarda miynet resurslarınan racional paydalanıw, artıqmash miynet resursların jumıs penen támiyin etiw imkanın beredi. Bul protsess rayon xojalıqlarında da ámelge asırılmaqta.

Rayon aymaǵı jer betiniń tegis bolıp keliwi awıl-xojalıǵında mexanizaciyanı keń qollanıwda, tábiyiy otlaqlı jaylawlarda mal sharwashılıǵın rawajlandırıwǵa imkaniyat jaratadı. Rayonda qubla rayonlarǵa salıstırǵanda 13-18 kúnge vegetaciyalıq dáwirdiń qısqa bolıwına qaramastan diyxanshılıq isleri alıp barılmaqta.

Házirgi kúnge deyin rayonda diyxanshılıq mádeniyatın arttırıw boyınsha bir qatar jumıslar atqarıldı. Olardan Aral teńiziniń qurıǵan maydanları astınan kóterilgen shań-tozańlardıń rayonnıń egislik maydanlarına túsiwi nátiyjesinde jerlerdiń kúshli shorlanıw dárejesi artpaqta. Sonlıqtan ekologiyalıq qıyın sharayatta awıl-xojalıǵınan joqarı ónim alıw maqsetinde rayonda irrigaciyalıq tarmaqlardı jaqsılaw boyınsha kóplegen jumıslar islengen, kóplep kollektor-drenaj tarawları qurılǵan.

Degen menen rayon aymaǵında suw resurslarınan únemli paydalanıw mashqalası tómen bolıp, ishki jap-salmalardı, ishki kollektor tarmaqların tazalaw, jańadan iske qosıw, qarjılandırıw hám texnika mashqalalarına baylanıslı tómen jaǵdayda rayon aymaǵında suwǵarmalı maydanlardıń kompaktli jaylaspawı sebepli xojalıq aymaǵındaǵı kollektor-drenaj tarmaqlarınıń effektivligi tómen. 2000-2001-jıllardaǵı suw tamtarıslıǵı sebepli egilmey qalǵan burınǵı egislik maydanları diyxanshılıq aylanısına ele tolıq qosılmaǵan.

Awıl-xojalıǵı óndirisiniń rawajlanıwında baslı faktorlardan joqarı kvalifikaciyalı kadrlar menen támiyinlew suw resursların waqtında jetkerip beriw hám úzliksiz támiyinlew, mashina-traktor parkiniń is ónimdarlıǵın arttırıw, ishki múmkinshiliklerden paydalanıw arqalı awıl-xojalıǵı tarawların, ásirese suwdı az talap etetuǵın diyxanshılıq tarawların rawajlandırıw maqsetke muwapıq esaplanadı.

Rayon boyınsha jer resurslarınan maqsetke muwapıq paydalanıw; jer resurslarınıń effektivligin arttırıw maqsetinde rayonnıń jer fondı úlken orın tutadı.

Házirgi waqıtta respublikamızdıń awıl-xojalıǵı xalıq xojalıǵınıń jetekshi tarawı esaplanıp, áhmiyetli orın tutpaqta. Úlkemiz tábiyiy sharayatınıń qolaylılıǵı awıl-xojalıǵınıń kóplep tarmaqların, ásirese jıllılıqtı kóp talap etiwshi tarmaqlardı rawajlandırıwǵa qolaylıqlar tuwdıradı.

Rayon sharayatında diyxanshılıqtıń ózine tán ózgesheliklerinen biri respublikamızdıń qubla rayonlarına salıstırǵanda báhárdiń kesh keliwi, gúzgi ayazdıń erte túsiwi, sonıń menen birge topıraqtıń quramında shirindi muǵdarınıń az bolıwı hám kúshli, orta shorlanǵan jerlerdiń kóp bolıwı bolıp tabıladı. Onıń ústine ayırım jılları suw resurslarınıń jetispewshiligi hám tábiyat qıyınshılıqları diyxanshılıqtan alınatuǵın zúráátlilikti ádewir kemeytedi. Rayonnıń diyxanshılıǵında jetekshi taraw paxtashılıq, dánli eginler jetistiriw sonıń menen birge ovosh-palız, ot-jemlik eginler bolıp tabıladı.

Rayonnıń diyxanshılıq strukturasında dástúriy túrde egiliwshi paxta 2016-jıldan baslap toqtatıldı. Rayon diyxanshılıǵında jetekshi orındı dánli eginler

jetistiriw tutadı. Respublikamız ǵárezsizlikten keyin dánli eginler jetistiriwge itibar kúsheytilip, onıń úlesi jıldan-jılǵa artıp barmaqta. Rayonda ele egislik jerlerdiń maydanın arttırıwǵa múmkinshilikler bar. Bunıń ushın suw resurslarınan effektiv paydalanıwımız kerek.

Rayon boyınsha awıl-xojalıq ónimlerin jetistiriw boyınsha maǵlıwmat 19-kestede berilgen. Keste maǵlıwmatlarınan rayondaǵı diyxanshılıq tarawlarınıń rawajlanıwın analizlegenimizde tiykarǵı diyxanshılıq ónimleri ovosh hám baxsha ónimleri ekenligin kóremiz.

19-keste

**Awıl xojalıg'ı o'nimlerinin' jetistiriliw da'rejesi**

| **Awıl xojalıg'ı o'nimleri** | **2017-jılda jetistirildi** *(tonna)* | **Jetistirilgen o'nimlerdin' o'zlestiriliwi** | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **tutınıw ushın** | **Qayta islewge** | **Eksportqa** | **Zaxirag'a** |
| **JA'MI:** | **3544** | **2908** | **210** | - | **426** |
| Kartoshka | 307 | 209,3 | - | - | 98,7 |
| Ovosh | 1655 | 1325,0 | 210,0 | - | 120 |
| Palız eginleri | 880 | 803 | - | - | 73,0 |
| Miywe | 63 | 32,5 | - | - | 30,5 |
| Ju'zim | 12 | 12 | - | - | - |
| Sobıqlı eginler | 24 | 12,0 | - | - | 12,0 |
| Salı (gu'rish) | 589 | 554 | - | - | 35,0 |

*Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarması maǵlıwmatı tiykarında dúzildi.

Rayonda jámi 33 fermer xojalıqları bar bolıp, sonnan 16 sı diyxanshılıqqa, 15 sharwashılıqqa qánigelesken. Rayon awıl-xojalıǵında diyxanshılıq penen birge sharwashılıq jumısları da alıp barıladı. Bul taraw azıq-awqat, jeńil sanaat tarawlarınıń tiykarǵı shiyki zat penen támiyinleydi. Rayonnıń sharwashılıq tarawı tiykarınan tábiyiy jaylawları hám suwǵarıp egiletuǵın ot-jemlik eginlerge tiykarlanıp rawajlanbaqta. Rayon sharwashılıǵınıń qánigelesken tarawı qara mal sharwashılıǵı esaplanadı. Rayonda tiykarınan sharwashılıqqa qanigelesken Bozataw, Madeli, Qazaqdárya, Xakim ata xojalıqları bolıp, respublikalıq áhmiyetke iye qara mallardı semirtip baǵıwshı, respublikamız paytaxt xalqın gósh penen támiyinlewshi sharwashılıq kompleksi bolǵan. Degen menen keyingi jılları

rayonda awıl-xojalıǵına bolǵan itibardıń, yaǵnıy qarjı menen támiyinlewdiń azayıwı, ot-jem bazasınıń tómenlewi rayondaǵı qıyın ekologiyalıq sharayat mallardıń bas sanınıń kóplep satılıwı nátiyjesinde biz joqarıda sóz etken úlken eki kompleks áhmiyetin joǵalttı.

20-keste

**Sharwa mallarınıń bas sanları**

| **Ataması** | Sharwa mallarınıń bas sanları (bas) | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **2015 jılda** | **2016 jılda** | **parqı** *(+;-)* | **Ósiw páti** *(%)* |
| **Iri shaqlı qaramallar** | 21390 | 23320 | 1930 | 109,0 |
| - fermer xojalıqlarında | 1054 | 1093 | 39 | 103,7 |
| - diyxan xojalıqlarında | 18632 | 20522 | 1890 | 110,1 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 1704 | 1705 | 1 | 100,1 |
| **sonnan, sıyırlar** | 7382 | 8757 | 1375 | 118,6 |
| - fermer xojalıqlarında | 239 | 272 | 33 | 113,8 |
| - diyxan xojalıqlarında | 6804 | 8125 | 1321 | 119,4 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 339 | 360 | 21 | 106,2 |
| **Qóylar** *(qara kólshilikten tısqari)* | 5268 | 6210 | 942 | 117,9 |
| - fermer xojalıqlarında | 146 | 175 | 29 | 119,9 |
| - diyxan xojalıqlarında | 5122 | 6035 | 913 | 117,8 |
| - awıl xojaliǵı karxanalarında | 0 | 0 | 0 | 0 |
| **Eshkiler** | 16042 | 18283 | 2241 | 114,0 |
| - fermer xojalıqlarında | 510 | 490 | -20 | 96,1 |
| - diyxan xojalıqlarında | 15357 | 17600 | 2243 | 114,6 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 175 | 193 | 18 | 110,3 |
| **Jılqı** | 853 | 882 | 29 | 103,4 |
| - fermer xojalıqlarında | 163 | 164 | 1 | 100,6 |
| - diyxan xojalıqlarında | 674 | 702 | 28 | 104,2 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 16 | 16 | 0 | 100,0 |
| **Qus ósiriw** | 52275 | 58551 | 6276 | 112,0 |
| - fermer xojalıqlarında | 1150 | 1293 | 143 | 112,4 |
| - diyxan xojalıqlarında | 51047 | 56975 | 5928 | 111,6 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 78 | 283 | 205 | 362,8 |
| **Basqa sharwa malları** | 281 | 303 | 22 | 107,8 |
| - fermer xojalıqlarında | 0 | 0 | 0 | 0,0 |
| - diyxan xojalıqlarında | 281 | 303 | 22 | 107,8 |
| - awıl xojalıǵı karxanalarında | 0 | 0 | 0 | 0,0 |

*Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarması maǵlıwmatı tiykarında dúzildi.

Degen menen bul kórsetkishler tarawlar boyınsha hár qıylı. Ulıwma sharwa mallarınıń 5%-i awıl-xojalıq kárxanalarında, 7%-i fermer xojalıqlarında, al qalǵan 90%-ke jaqını diyxan xojalıqlarındaǵı iri shaqlı hám mayda mallar esaplanadı.

20-kesteden kórinip turǵanınday aldıngı jıllarǵa salıstırǵanda sharwashılıq mallarınıń awıl xojalıǵı kárxanalarındaǵı mallardıń bas sanı aldınǵı jılǵa salıstırǵanda artqan.

Degen menen rayonda sharwashılıq ónimleriniń dinamikası artqan bir dáwirde awıl-xojalıǵı kárxanalarınıń roli tómenlegenin kóremiz. Sharwashılıqqa qánigelesken xojalıqlardıń áhmiyeti ulıwma sharwashılıq ónimlerin jetistiriwde joq ekeni keste maǵlıwmatınan kórinedi. Rayon boyınsha tikkeley sharwashılıqqa 15 fermer xojalıqları sharwashılıq ónimlerin jetistiriwge qanigelesken. Fermer xojalıqları úlesine ulıwma tiriley salmaqtaǵı góshtiń 1,2 %-i, sút jetistiriwdiń 12,7%-i tuwra keledi. Usınıń ózinen kórinip turǵanınday sharwashılıq ónimlerin jetistiriwde mámleketlik xojalıqlardıń, ásirese qánigelesken sharwashılıq xojalıqlarınıń roli tómen ekenligi, 90% tiykarǵı sharwashılıq ónimlerin úy xojalıqları jetkerip bermekte. Olardıń úlesi jıldan-jılǵa artpaqta. Bul óz gezeginde xalıqtıń materiallıq jaǵdayınıń jaqsılanıwınan derek beredi.

2018-jıldı «Jedel isbilermenlik innovaciyon ideyalar hám texnologiyalardı qollap quwatlaw» jılında awıl-xojalıǵında sharwashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıw maqsetinde bankler tárepinen ańsatlastırılǵan kreditler beriw haqqındaǵı qararı respublikamızda, sonıń ishinde men úyrenip atırǵan Moynaq rayonında da sharwashılıq tarawınıń rawajlanıwına jol ashadı dep oylayman.

Ulıwma alǵanda rayon awıl-xojalıǵındaǵı sıyaqlı sharwashılıq tarawında da sheshiliwi tiyis máseleler kóp, olardan sharwashılıq ushın bekkem ot-jem bazasınıń tómenligi, suw tamtarıslıǵı sebepli jerlerdiń shorlanıwı, mineral tóginlerdiń jetispewshiligi tábiyiy jaylawlardıń zúráátliginiń tómenligi mallardıń bas sanınıń hám sharwashılıq ónimleriniń kemeyiwine alıp keldi.

Juwmaqlap aytqanda rayonda sharwashılıq tarawın rawajlandırıw ushın ot-jem bazasın qáliplestiriw, sharwashılıqtı qánigeli kadrlar menen támiyinlew, sharwashılıqta násil sıyırlardı kóbeytiw, zooveterinariya jumısların durıs jolǵa qoyıw, sharwashılıq ónimlerin qayta islewshi agrosanaat tarmaqların intensiv

rawajlandırıw arqalı sharwashılıq tarawlarınıń rentabellik dárejesin arttırıw múmkinshiligi jaratıladı.

Házirgi waqıtta burıngı tábiyat-xojalıq-jámiyet sistemasın emes, al tábiyat-xojalıq-jámiyet-tábiyat sitemasın qáliplestiriw zárúr. Bunıń ushın tábiyattan alǵan nársemiz ornına sol quraqım nárse beriwdi de oylawımız tiyis. Biz tábiyat komponentleri ónimdarlıǵı páseyse, yamasa diydilegen nátiyjege erise almasaq tábiyat ınjıqlıqların sebep etiwdi úyrenip ketkenbiz. Biraq ózlermiz jumıs processinde ilimiy qatnas jasaw yamasa kórsetpeler, aldıńǵı diyxanshılıq texnologiyaların qollanbaymız, hátteki ata-babamız paydalanǵan dástúriy tájiriybelerdi qollanıwǵa erinemiz yáki qálemeymiz. Onıń ornına ańsat jollar izleymiz. Bul óz gezeginde awıl xojalıq landshafları ónimdarlıǵınıń keskin páseyiwine alıp keledi.

Jer-suw resursların paydalanıwda úlken ısırapgershilikke jol qoyamız. Sonday-aq suwǵarılatuǵın maydanlardıń normal jaǵdayda bolıwı ushın bir gektar maydanǵa keminde 40-50 m kollektor-drenaj tarmaǵı, al salıgershilik xojalıqlarında onnanda tıǵız jaylastırılıwı tiyis. Olardıń shıǵıp ketiwshi muǵdarı kirip keliwdiń keminde yarımın qurawı lazım.

Hár gektar maydanǵa tuwra keletuǵın kollektor-drenaj tarmaǵı uzınlıǵınıń normadan kem bolıwı hám jaǵdayınıń jaman bolıwı awıl xojalıǵı jerleriniń meliorativlik jaqtan jamanlastırıwı tábiyiy. Sonıń nátiyjesinde rayonnıń 40% ten aslam jerleri kúshli hám ortasha shorlanǵan. Bul bolsa óz náwbetinde awıl xojalıǵınan alınatuǵın ónimniń keskin kemeyiwine alıp kelmekte. Sonday-aq diyxanshılıqta suwdan paydalanıwda hár bir eginniń suwǵa bolǵan talabına hám jerdiń ózgesheligine kem itibar beriledi.

PQJ jumısın jazıw barısında joqarıdaǵılardı analizley otırıp tomendegilerdi usınıs etemiz:

Diyxanshılıq mádeniyatın kóteriw lazım. Qısqa múddetke jerden paydalanıwshı «isbilermen» diyxanlar kóbeyip barmaqta. Bul óz náwbetinde awıl xojalıq jerleriniń tez isten shıǵıp qalıwına alıp kelmekte, sebebi bunday diyxandı birinshi gezekte ekonomikalıq tárepler kóbirek qızıqtaradı. Sońǵı jıllarda xalıq

arasında egin maydanlarınıń haldan tayǵanlıǵı, óziniń hasıldarlıǵın joǵaltqanlıǵı qusaǵan túsinikler júdá keń tarqalǵan, ásirese bunday sózler xojalıq basshıları tárepinen kóbirek aytıladı. Durıs jerlerdiń meliorativlik awhalın jaqsılaw júdá qıyın másele, kóplegen ilajlardı ámelge asırıwdı, kóp qarjı talap etedi. Biraq haqıyqıy diyxan bunday jaǵdaydan qanday qılıp shıǵıp ketiw jolların biledi hám oǵan jol qoymaydı.

Diyxanshılıq ushın eń tiykarǵı nárselerden biri topıraq shorlanıwı bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstan sharayatında eń záhárli duz xlorid (NaCl, MgCl) tuzları bolıp tabıladı. Sebebi bul duz suwda eń eriwsheń bolıp keledi. Olardiń $+20^0$S temperaturadaǵı suwda eriwsheńligi 36-74,5 %ti quraydı (Straganov B.N., 1958). Topıraq quramında xlordıń muǵdarı 0,02 % asıwınıń ózi ósimlikke unamsız tásir etedi. Demek usı shegaranı ólshem etip alıw lazım

Biziń sharayatımızda jer astı suwları tiykarınan xlorid -sulfat shorlanıwǵa iye. Xlordıń hám uglekisliy gazdiń ($C0_2$) topıraq quramında bolıwı basqa suwda erimeytuǵın duzlardıń da eriwsheńligin kúsheytedi (mısalı kaltsiy karbonatınıń).

Duzlardıń ishinde xlorid duzlar eń aqırǵı gezekte shókpege túsedi. Sonday-aq olar hámme waqıtta da eriwsheńlik qásiyetin joǵalpaydı, olardıń zıyanlı ekenligide usında.

Awıl xojalıq eginleriniń duzǵa shıdaw imkaniyatıda hár qıylı bolıp keledi. Máselen: ónip shıǵıw dáwirinde duzǵa eń shıdamlı eginler ayǵabaǵar, mákke, júweri, arpa, tarı, láblebi, paxta, biyday bolıp, olar xlordıń topıraqtaǵı muǵdarı 0,03-0,04% bolǵanda da ósip shıǵıwı múmkin.

Ovosh hám palız eginlerinen xlorǵa eń shıdamlıları palawqabaq, pomidor, kapusta, qawın bolsa, eń hálsizleri qıyar, ǵarbız bolıp esaplanadı. Topıraqta duz muǵdarın kemeytiwdiń hám ózgertiwdiń eń qolay jolı almaslap egiw bolıp esaplanadı. Sebebi hár túr ósimlik yáki egin hár qıylı duz túrin kóbirek paydalanıw múmkinligi ilimde anıqlanǵan.

Xalıqtıń kúndelikli talapların esapqa alıp ovosh-palız, kartoshka eginleriniń, miywe hám júzimgershiliktiń egislik maydanların keńeytiw jolların qarastırıw

kerek. Egislik jerlerdiń strukturasında ot-jemlik eginlerdiń maydanın keńeytiriwdi názerde tutıw hám bul arqalı rayonda mal sharwashılıǵın rawajlandırıw kerek.

Diyxanlardıń jerge degen kóz-qarasın ózgertiw boyınsha keń jumıslar alıp barıw lazım. Jeke fermer xojalıqların dúziwge ayrıqsha kewil beriwdi durıs jolǵa qoyıw. Mal sharwashılıǵı tarawında jeke fermer xojalıqların rawajlandırıwǵa jol ashıw. Óndiristi hám rayonnıń agrar tarawın rawajlandırıwda onıń infrastrukturasın joqarılatıwda kompleksli ilajlardı kórip shıǵıw zárúr. Topıraqtıń ónimdarlılıǵın arttırıwda jergilikli hám mineral tóginlerden keń paydalanıw hám almaslap egiwdi ilimiy tiykarda alıp barıw kerek.

Jerlerdiń meliorativ jaǵdayın jaqsılawda kollektor-drenajlardan nátiyjeli paydalanıw hám olardı normal halatta saqlaw boyınsha ilajlar islep shıǵıw lazım. Kollektor-drenaj suwların jaylawlardı, pishenzarlıqlardı suwǵarıwda paydalanıwdı hám bul arqalı mal sharwashılıǵın rawajlandırıw boyınsha múmkinshilikler kórip shıǵıw jumısların atqarıw kerek.

Xalıqtıń mal sharwashılıǵı ónimlerine bolǵan talabın qanaatlandırıw maqsetinde almaslap egiwdi jolǵa qoyıw arqalı ot-jemlik eginlerdiń maydanın keńeytiwge erisiw hám mal sharwashılıǵınıń ot-jemlik maydanın keńeytiwge erisiw hám mal sharwashılıǵınıń ot-jemlik bazasın bekkem máselelerine jeterli kewil bóliwimiz tiyis.

### III.3. Rayonnıń social-ekonomikalıq tarawlarınıń rawajlanıwınıń házirgi jaǵdayı hám keleshegi

Jámiyettiń rawajlanıwı, texnika hám óndiristi shólkemlestiriw processlerin rawajlandırıw xalıqtıń sociallıq quramın (bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, mádeniyat h.t.b.) rawajlandırmay turıp ámelge asırıw múmkin emes.

Bizge burınnan belgili respublikamızda bul rayonı ázelden óziniń belgili shayırları, ilim ǵayratkerleri menen belgili.

Mámleketimizdiń ǵárezsizliktiń dáslepki kúnlerinen baslap-aq Respublika xalıq bilimlendiriw tarawların házirgi zaman talaplar dárejesinde shólkemlestiriw bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, ósip kiyatırǵan jas áwladqa tıyanaqlı bilim beriwge ayrıqsha dıqqat awdarılmaqta.

Rayonda bilimlendiriw tarawında ǵárezsizlik jıllarında kóp ózgerisler júz berdi. «2004-2009 jıllarda mekteplerdi rawajlandırıw mámleket Baǵdarlama» ǵa tiykarlanıp rayondaǵı 19 mekteptiń 14 tinde rekonstrukciya jumısları alıp barıldı. Bul mektepler oqıw-laboratoriya áspab-úskeneler, kompyuter texnikaları, sport buyımları h'ám arnawlı buyımlar menen támiyinlengen.

Házirgi kúnde rayon aymaǵında 2 orta arnawlı oqıw shktı (kolledj), 16 orta mektep, 2 mektepten tısqarı shólkemler. 7 mektepke shekemgi balalar baqshaları jumıs alıp barmaqta. Rayon boyınsha barlıq bilim berip atırǵan muǵallimler sanı 708 den ibarat bolıp, tárbiyalanıwshılar 4829 adamdı quraydı.

Rayonda xalıqtıń densawlıǵın qorǵaw tarawlarınıń jumısların rawajlandırıw hám onıń salasın jaqsılaw boyınsha da bir qatar ámeliy ilajlar islenip atır. Házirgi kúnde rayon aymaǵında 120 orınlıq 1 emlewxana, 2 poliklinika xalıq ushın xızmet etpekte. Sonıń menen birge rayon aymaǵında awıl miynetkeshlerine 2 feldsherlik punktler, 8 awıllıq vrachlıq ambulatoriya medicinalıq jaqtan xızmet kórsetpekte. Rayonda xalıqqa medicinalıq jaqtan xızmet kórsetiw tarawlarında 30 vrach, 300 ge jaqın orta arnawlı medicna qánigeleri jemisli miynet etip atır. Rayonda xalıqtıń densawlıǵın saqlaw, olarǵa kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmettiń túrlerin kóbeytiw, jáne sapasın jaqsılaw maqsetinde bir qatar ámeliy jumıslar islenbekte.

Mádeniyat orınlarına toqtalatuǵın bolsaq, rayonda ulıwma hám balalar kitapxanaları sanı 3, 1 klub, 1 muzey, 1 balalar muzıka mektebi, 1 mádeniyat úyi bolıp, xalıqqa xızmet kórsetpekte. Sonday-aq, rayonda bir neshe vokal instrumental ansamblleri xalıqtıń jaqsı dem alıwı ushın xızmet etpekte.

Rayonda fizkultura hám sporttı rawajlandırıwǵa mudamı áhmiyet berilip kelmekte. Ásirese ǵárezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda bul tarawda bir qatar unamlı jumıslar islenip, aytarlıqtay nátiyjelerge erisip kiyatır. Usı jıllarda rayon aymaǵında 100 orınlıq mádeniyat hám sport kompleksi, 2 sport zal, 1 stadion h.t.b. paydalanıwǵa berildi. 1 balalar hám óspirimler mektebi jumıs islep tur.

Xalıqtı awız suw hám tábiyiy gaz benen támiyinlewge baylanıslı shıǵarǵan bir qatar pármanların orınlaw boyınsha Moynaq rayonında da aytarlıqtay jumıslar ámelge asırılmaqta. Búgingi kúnde rayon orayı esaplanǵan Moynaq qalası 100%

taza ishimlik suw hám tábiyiy gaz benen tolıq támiyinlengen. Al awıllıq orınlarda bul mashqala tolıq sheshimin tappadı.

21-keste

**Xalıqtıń támiyinleniw dárejesi**

| | |
|---|---|
| Elektr energiyası menen (%) | 100 |
| Tábiyiy gaz benen (%) | 78,8 |
| Sonnan awıllaq orınlarda | 57,6 |
| Ishimlik suwı menen támiyinleniw (%) | 74,5 |
| Sonnan awıllaq orınlarda | 43,2 |
| Jan basına tuwrı keletuǵın turaq jaylar (kv.m.) | 11,7 |
| Hár 10 mıń xalıqqa tuwrı keletuǵın keselxana orınları | 39,2 |
| Hár 10 mıń xalıqqa tuwrı keletuǵın ambulatoriya-poliklinika quwatı | 176,8 |

Keste Moynaq rayonınıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri pasport tiykarında dúzildi

Xalıqtı sotsiallıq qorǵawǵa baǵdarlanǵan bir qatar pármanlar rayon basshılarınıń dıqqat orayında bolıp kelmekte. Usı maqsette rayonda kem támiyinlengen semyalardı sotsiallıq qorǵawdı kúsheytiw hám járdemge mútáj bolǵan qatlamın qollap quwatlaw jumısları ámelge asırılmaqta hám Nawrız, Ǵárezsizlik h.t.b. bayramlarda hár qıylı bahalı sawǵalar, aqshalay járdem berilip turıladı.

Sonday-aq rayonda turizmdi rawajlandırıw boyısha da bir neshe usınıslar islendi. Moynaqta turizmdi rawajlandırıw baǵdarına tiykar salındı. Rayon orayında Moynaq City Center sawda-turizm kopleksiniń shólkemlestiriliwi hám bul joybar boyınsha:

"Miymanxana", "Kitaplar dúnyası", "Sawǵalar kioskasi", "Fitness-orayı", "Gózallıq salonı", "Optika", "Internet kafe" shólkemlestirilmekte. Bunnan tısqarı, bunda "Aral teńizi jaǵaları boylap kvadrasiklda ushıw", "Aral teńizi unikal minerallarina toyinǵan balshıq (gryaz) penen dawalaw", "Araldıń kompleks duzlı dawalaw vannaların qabıl qılıw" uqsaǵan turistlik xızmetler kórsetiwshi "Turizm Orayı" iskerligin jolǵa qoyılıwı kózde tutılǵan. Jáne bir áhmiyetli tárepi bul qararda Moynaq rayonı hám Aral teńizi tariyxı hám búgingi kúnin dúnya kólemindegi áhmiyetin itibarǵa alıp, Moynaqtı Ózbekstannıń turizm oraylarınan birine aylandırıw maqsetinde

YuNeSKO hám basqa xalqaralıq shólkemlerdiń grant hám donor qarjıların ózine tarnıw boyınsha bir qatar ilajlardı,

**Sonnan:**

“Aral hám Moynaqtıń qayta tikleniwi” temasında hár jılı xalıqaralıq Ekofestival ótkeriw;

- “Úlketanıw” muzeyin qayta rekonstrukciya qılıw hám sol arqalı teńiz haqqındaǵı tarixiy fotolar hám videojazıwlardı kórsetetuǵın zamanagóy 3-D texnologiyalar menen úskenelew;

- qurıp baratırǵan Aral teńizi simvolı sıpatında onıń jaǵalawında Moynaq mayaǵın qurıw hám oǵan qosımsha “teńiz tolqını shawqımı” muzıkası fonı menen saz tartıwshı kafe-restoran qurıw;

-“Aral teńizi balıqlarıdan 99 túrdegi taǵamlar” atlı Gastronomiyalıq festival ótkeriw;

-Qaraqalpaq xalıq shayırları Berdaq hám Ajiniyazǵa baǵıshlanǵan Xalqaralıq muzıkalı Festivallardı shólkemlestiriw;

-Aral teńiziniń qurıp qalǵan aymaǵındaǵı 11 kemani qayta tiklew hám olarǵa qiziǵıw joqarı bolǵan turistler keliwshi mámleketler atın beriw;

-Aral teńiziniń qurıp qalǵan shegarasınıń belgilerin tiklew hám bul orınlarda teńizdiń eski kartası túsirilgen úlken masshtablı bilbordlarǵa jaylastırıw;

-“Suwdı tejew texnologiyaları”, “Suwdı qorǵaw ilajları”, “Teńiz hám dárya basseynleriniń bioekologiyasın saqlaw hám qorǵaw” hám bashqa temalarda konferenciyalar ótkeriw;

-Aral temasın hám teńizdi suwretlewshi suvenirler islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıw;

-Qaraqalpaq hám Moynaq dástúrleri tımsalı túsirilgen gilem toqıw boyınsha ónermentshilik iskerligin jolǵa qoyıw;

-Moynaqtıń toqımashılıq ónimleri hám suvenirlerdi satıw boyınsha Nókis, Úrgensh, Xiywa, Buxara, Samarqand, Tashkent hám basqa iri qalalarda sawda qatarların shólkemlestiriw;

-Moynaq rayonınıń hám Aral teńiziniń turizm potencyalın kórsetiwge baylanıslı iri masshtablı bannerler tayyarlaw ham Nókis, Úrgensh, Xiywa, Buxara, Samarqand, Tashkent qalalarında biypul jaylastırıw;

-Moynaq hám Aral teńizi tariyxı, aymaqtıń tabiyatı, haywanat álemi hám rayon xalqınıń dástúrleri, úrip-ádetleri, Berdaq hám Ajiniyaz uqsaǵan qaraqalpaq xalıq shayırları hám ulamaları haqqında hújjetli hám kórkem filmler, rolikler jaratıw, olardı milliy televideniye arqalı kórsetip barıw;

-Moynaq rayonı hám Aral teńizi aymaǵındaǵı turistlerdi keńirek tartıw imkaniyatları, aymaqtıń tábiyatı, haywanat álemi hám rayon xalqınıń dástúrleri, úrip-ádetleri haqqıda videorolikler tayyarlaw ushın "Meniń planetam", National Geographic, Animal Planet, Viasat Explore uqsagan jetekshi telekanalların usınıs etiw.

-Turistler agımı kemeygen máwsimlerde Respublika kóleminde Joqarı oqıw orınları talapaları, kásip-óner kollejleri oqıwshıları hám iri shólkemler xızmetkerlerin shólkemlesken jaǵdayda Moynaq rayonı aymaǵına sayahatlardı ámelge asırıw.

-Moynaq rayonı aymaǵın jánede abadanlastırıw, kóp qabatlı úylerdiń tóbesi, fasad bólimleri, podyezd hám jolaqların remontlaw hám orınlıqlar ornatıw, balalar maydanshaların shólkemlestiriw jumısların ámelge asırıw.

Házirgi bazar qatnasıqları dáwirinde xalıqtı jumıs penen támiyinlew boyınsha rayonda bir qansha jumıslar islenip atır. Ulıwma xalıqtıń jaqsı jasawı ushın, olardıń ruwxıy rawajlanıwı ushın joqarıda kórsetilgen ilajlar elede bolsa azlıq etedi. Sebebi eldiń ekonomikalıq rawajlanıwı ushın xalıqtı sociallıq jaqtan tolıq dárejede támiyinlew kerek.

## JUWMAQLAW

Moynaq rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń perspektivalı aymaqlarınan esaplanadı. Rayonnıń social-ekonomikalıq rawajlanıwın úyreniw máseleleri búgingi kúnniń eń aktual máselelerinen bolıp, bunıń ushın biz júdá kóp maǵlıwmatlar, ilimiy ádebiyatlar h'ám basqada dereklerdi kórip analizlep shıǵıp ózimizdiń oy-pikirimizdi bildiriwge h'ám rayonnıń keleshektegi rawajlanıw jolların kórsetiwge h'áreket ettik.

Bizler jumıstıń kirisiw bóliminde aldımızǵa qoyǵan maqset h'ám wazıypalardan kelip shıqqan halda tómendegidey nátiyjelerge eristik:

-Rayonnıń potenciallı tábiyiy resurs dereklerin tolıq úyreniw ;

-Rayon xalqı hám miynet resurslarınıń rayonniń social-ekonomikaliq rawajlanıwındaǵı rolin anıqlaw;

-Miynet resursların jumıs penen támiyinlew máseleleri mashqalaların úyreniw;

-Rayon sanaat komplekseriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tásir etiwshi faktorlardı anıqlaw;

-Sanaatınıń rawajlanıwınıń házirgi jaǵdayın analizlew;

-Rayonnıń sanaat komplekseriniń rawajlanıw perspektivaların islep shıǵıw;

-Rayon awıl xojalıǵı tarawların jaylastırıw hám rawajlandırıw maselelerin analizlew.

Rayon aymaǵındaǵı toǵay komplekslerin saqlap qalıw h'ám onı tiklew jumısların aktivlestiriw kerek, sebebi bul toǵaylar úlkemiz tábiyatınıń eń gózzal múyeshlerinen biri bolıp sanaladı.

Jumısta rayonnıń soxial-ekonomikalıq jaǵdayınıń házirgi rawajlanıw dárejesine analiz bere otırıp, rayon aymaǵında orın alǵan «hálsiz buwınlar» analiz etildi hám bar rezervlerdi iske qosıw jolı menen ekonomikanı qáliplestiriw hám rawajlandırıw máseleleri qarastırıldı. Bul ushın rayonnıń tábiyiy sharayatı hám tábiyiy resursları úyrenilip shıǵıldı, jáne olardıń óndiristiń rawajlanıwına tásiri qarap shıǵıldı. Rayon aymaǵında jasaytuǵın xalıqtıń ósiw dinamikasın analiz ete

otırıp, miynet resursları menen támiyinleniw dárejesi tekserildi hám paydalanılmay atırǵan miynet resurslarınan sanaat óndirisinde paydalanıwdıń jolları sóz etildi. Sanaat tarawlarınıń házirgi strukturasın analiz jasaw arqalı óndiris processinde paydalanılmay atırǵan rezervlerdiń ornı ashıp taslandı hám olardan aqılǵa muwapıq paydalanıw jolları islep shıǵıldı.

Jumısta kórsetilgen baslı ilajlardı iske asırıw Moynaq rayonında óndiriwshi kúshlerdi rawajlandırıwǵa jańasha stimul jasawı bárinende burın rayon masshtabında sanaat óndirisin rawajlandırıwǵa jol ashadı. Solay etip, rayon kóleminde nefte-gaz, ximiya sanaatı, sonday-aq, jeńil hám azıq-awqat sanaatınıń rawajlanıwın támiyinlew Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ekonomikası hám mádeniyatınıń bunnan bılayda gúlleniwine úlken imkaniyat dúzedi

## Ómir qáwipsizligi

Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorǵanıwdıń baslıǵı A.Parpievtiń 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıǵı hám universitet İlimiy Keńesi (12.11.2008 j, №2 is qaǵazı) qararı tiykarında tayarlanǵan universitet rektoratı buyrıǵına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «Ómir qáwipsizligi» pánin barlıq tálim baǵdarları boyınsha talabalarǵa oqıw protsessinde úyretiw ushın, magistr dissertatsiyasın hám bakalavr qánigelik pitkeriw jumısın orınlawda pánniń huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Jámiyette puqaralardıń huqıqları hám erkinliklerin qorǵaw támiyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puqaralıq jámiyet boladı. Hár bir adam óz huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, óz huqıqı hám erkinliklerin qorǵay alıwı lazım. Bunıń ushın dáslep mámleketimiz xalqınıń huqıqıy mádeniyatın asırıw zárúr” (İ. Karimov. Ózbekstan XXI ásirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX ásirdiń 60 – jıllarınan baslap is júrgizip kelgen puqaralıq qorǵanıw sistemasınıń tiykarǵı wazıypası tınıshlıq dáwirinde hám urıs jaǵdayında mámleket xalqın jalpı qırǵın quralları hám basqa xújim qurallarınan qorǵaw, urıs jaǵdayında xalıq xojalıǵı obektleriniń turaqlı islewin támiyinlew hámde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw hám tiklew jumısların óz waqtında nátiyjeli ámelge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq ómirine tek jalpı qırǵın qurallari emes, bálkim basqa qáwip – qáterlerde qáwip salmaqta, olardı názerden shette qaldırıw hasla múmkin emes. Bular tábiyiy, texnogen hám ekologiyalıq qásiyetli ayrıqsha jaǵdaylar bolıp tabıladı.

90–jıllarǵa kelip yadro urısı qáwipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jańa – zamanagóy qural túrleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qáwipli bolmay, bálki ekonomikalıq obektlerdi isten shıǵarıwǵa qaratılǵan edi. Bulardıń barlıǵı puqaralıq qorǵanıw sisteması ornında jańa bir sistema dúziliw kerekligin dállilep berdi.

Puqaralıq qorǵanıw ornın iyelewi múmkin bolǵan iri kólemdegi ayrıqsha jaǵdaylarǵa áwelden tayarlıqtı támiyinlewshi jańa arnawlı mámleket sisteması

iyelewi, ol tınıshlıq hámde urıs dáwirinde xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵawı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw hám qutqarıw jumısların ótkerip qoymay, basqa áhmiyetli ilajlardı: tábiyiy apatlardan qáwipli aymaqlar kartaların dúziw, seysmikalıq bekkem bina hám imaratlardı qurıw, qısqa, orta hám uzaq múddetli boljaw jumısların shólkemlestiriwi hám xalıq tayarlıǵın ámelge asırıwı lazım edi.

Usı orında jáne bir máseleni aydınlastırıp alıwǵa tuwra keledi. Ayrıqsha jaǵday degen ne, onnan xalıqtı hám aymaqlardı qorǵaw degende neni názerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jaǵday – adamlar qurban bolıwı, olardıń den sawlıǵı yaki qorshaǵan ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıǵınlar keltirip shıǵılıwı hámde adamlardıń turmıs sharayatınıń izden shıǵıwına alıp keliwi múmkin bolǵan yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qáwipli tábiyǵıy hádiyse yaki basqa tábiyiy apatshılıq nátiyjesinde belgili bir aymaqta júzege kelgen jaǵday.

**Xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw** – ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, háreketler birlesigi.

**Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw** – aldın ala ótkerilip, ayrıqsha jaǵdaylar júz beriwi qáwipin múmkinshiligi bolǵansha kemeytiwge, bunday jaǵdaylar júz bergen táǵdirde bolsa adamlar den sawlıǵın saqlaw, qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa tiyetuǵın zıyan hám materiallıq shıǵınlar muǵdarın kemeytiwge qaratılǵan ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw** – ayrıqsha jaǵdaylar júz bergende ótkerilip, adamlar ómiri hám den sawlıǵın saqlaw, qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa tiyetuǵın zıyan hám materiallıq shıǵınlar muǵdarın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jaǵdaylar júz bergen zonalardı sheńberge alıp, qáwipli faktorlar tásirin toqtatıwǵa qaratılǵan avariya – qutqarıw jumısları hám basqa keshiktirip bolmaytuǵın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında qoyılǵan eń tiykarǵı jumıslardıń biri–dáslep Qorǵanıw ministrligi qasında puqaralıq qorǵanıw

hám ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasınıń, soń usı basqarma tiykarında **Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 1996 jıl 4 marttaǵı PF–1378 Buyrıǵı** menen Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń dúziliwi boldı.

Ministrlik is júrgize baslaǵannan soń xalıqtı hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawınıń huqıqıy tiykarın dúziwshi bir qatar nızam hám qararlar qabıl etildi.

***Ózbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı hám aymaqlardı tábiyiy hám texnogen qásiyetli ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bólim hám 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı hám aymaqlardı tábiyiy hám texnogen qásiyetli ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawındaǵı sotsial múnásibetlerdi tártipke saladı hám ayrıqsha jaǵdaylar júz beriwi hám rawajlanıwınıń aldın alıw, ayrıqsha jaǵdaylar keltiretuǵın shıǵınlardı azaytıw hám ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puqaralıq qorǵanıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bólim hám 23 statyadan ibarat. Usı nızam puqaralıq qorǵanıw tarawındaǵı tiykarǵı wazıypalardı, olardı ámelge asırıwdıń huqıqıy tiykarların, mámleket organlarınıń, birlespe hám shólkemlerdiń wákilliklerin, Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń huqıqları hám májbúriyatların, sonday – aq puqaralıq qorǵanıw kúshleri hám quralların belgileydi.

**Adamnıń immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwiniń aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS kesselliginiń aldın alıw tarawındaǵı mámleketlik támiyinlew, keselliktiń aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen támiyinlew, puqaralardıń hám májbúriyatlarına tiyisli máseleler kórsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarınıń qáwipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnıń maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwǵa tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw hám tamamlawda qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha iskerligin ámelge asırıwda júzege keletuǵın minásibetlerdi tártipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq ósimliklerin zıyankesler, kesellikler hám jabayı ot - shóplerden qorǵaw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnıń maqseti awıl xojalıq ósimliklerin zıyankesler, kesellikler hám jabayı ot - shóplerden qorǵawdı támiyinlew, ósimliklerdi qorǵaw qurallarınıń adam den sawlıǵına, qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa zıyanlı tásiriniń aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı tártipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qáwipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bólim hám 28 statyadan ibarat. Nızamnıń maqseti radiatsiyalıq qáwipsizlikti, puqaralar ómiri, den sawlıǵı hám mal – múlki, sonday – aq, qorshaǵan ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdıń zıyanlı tásirinen qorǵawdı támiyinlew menen baylanıslı qatnaslardı tártipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gúres haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bólim hám 31 statyadan ibarat. Usı nızamnıń maqseti terrorizmge qarsı gúres tarawındaǵı qatnaslardı tártipke salıwdan ibarat. Nızamnıń tiykarǵı wazıypaları shaxs, jámiyet hám mámlekettiń suverenitetin hám aymaqlıq pútinligin qorǵaw puqaralar tınıshlıǵı hám milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qáwipli islep shıǵarıw obektleriniń sanaat qáwipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnıń maqseti qáwipli islep shıǵarıw obektlariniń sanaat qáwipsizligi tarawındaǵı qátnaslardı tártipke salıwdan ibarat.

***Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı:***

**Tasqınlar, sel aǵımları, qar kóshiw hám jer kóshkisi hádiyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardıń aqıbetlerin toqtatıw barısındaǵı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel aǵımları, qar kóshiw hám jer kóshki hádiyseleri menen baylanıslı jumıslardı óz waqtında hám nátiyjeli shólkemlestiriw, sonday – aq olardıń aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararları:***

**Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń jumısın shólkemlestiriw máseleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararǵa

«Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar haqqında»ǵı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń tiykarǵı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylarda olardıń aldın alıw hám háreket etiw mámleketlik siteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylarda olardıń aldın alıw hám háreket etiw mámleketlik sisteması (AJMS) haqqındaǵı Nızam hám onıń dúzilisi tastıyıqlanǵan, ministrlik hám idaralardıń xalıq hám aymaqlardı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**Ózbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵawǵa tayarlaw tártibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar mámleket xalqın hám aymaqların tábiyiy hám texnogen qásiyetli ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qrarǵa qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında tayarlaw tártibi haqqında»ǵı Nızam Ózbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jaǵdaylardan qorǵaw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jaǵdaylarda háreket etiwge tayarlıqtan ótip atırǵan xalıq toparların tayarlawdıń tiykarǵı wazıypaların, túrleri hám usılların belgileydi.

**Tábiyiy, texnogen hám ekologiyalıq qásiyetli ayrıqsha jaǵdaylardıń sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlanǵan sıpatlamaǵa muwapıq ayrıqsha jaǵdaylar júzege keliw sebeplerine kóre texnogen, tábiyiy hám ekologiyalıq qásiyetli, usı jaǵdaylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar muǵdarına hám kólemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika hám transsshegaralı túrlerge bólinedi.

**Ózbekstan Respublikasında adamlar hám haywanlardıń qutırıw keselligine qarsı gúresti kúsheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar hám haywanlardıń qutırıw keselligine qarsı gúres ilajlarınıń nátiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq hám basqa úy haywanların tártipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ǵalaba xalıqlıq ilajlardı ótkeriw qaǵıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). Ózbekstan Respublikası aymaǵında ǵalaba xalıqlıq ilajlar

ótkeriliwi waqtında jámáát qáwipsizligin támiyinlew hám tártibin qorǵaw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jaǵdaylardı boljaw hám aldın alıw Mámleket dástúrin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırǵan jumıslar ónimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda kórsetilgen huqıqıy hújjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarǵa "Ómir qáwipsizligi" pániniń barlıq baǵdarları boyınsha keń mániste túsinikler berildi.

# PAYDALANILǴAN ÁDEBİYATLAR

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегиси тўғрисида» ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: ҳавфсизликга тахдид, барқарорлик шартлари, тараққиёт кафолатлари. – Тошкент: Ўзбекистон, 1996. – 226 б.

3. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олийжаноб халқимиз билан бирга қурамиз. - Тошкент, «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.

4. Акрамов З.М. Территориално-производственные комплексы Республики Узбекистан. Ташкент – 1979.

5. Акулов В.В. Геология дельты Амударьи. -Ташкент: изд-во. СамГУ, 1960. -114с.

6. Алланазаров К.Ж. Әмиўдәрья дельтасы тәбийий комплекслерин халық хожалығында пайдаланыў мәселелери. //ӨзР ғәрезсизлигиниң 10 жыллығы ҳәм Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик универстетиниң 25-жыллығына бағышланған профессор-оқытыўшылардың XXV илимий-әмелий конференциясы материаллары. – Нөкис, 2001, т.1, - 89-90 б.

7. Асанов Г., Набиханов М. Ўзбекистоннинг иқтисодий ва ижтимоий географияси. Тошкент – 1993.

8. Бахиев А., Новикова Н., Мамутов Н. Пастбища и сенокосы низовьев Амударьи. – Нукус: “Каракалпакстан”, 1989. - 66 с.

9. Верник Р.С., Майлун В.А., Момотов И.Ф. Растительность Низовьев Амударьи. – Ташкент: Фан. 1964. - 212 с.

10. Жалгасбаев Ж. Растительность Южного Приаралья и ее изменение. – Нукус: “Билим”. 1995. - 156 с.

11. Даўлетова К.Д., Умаров Е.К. Қарақалпақстанның тәбияты ҳәм хожалығы. Нөкис – 1989.

12. Закиров Ш. Развитие и размещение промышленности Узбекистана. Ташкент ФАН, 1973.

14. Матмуратов Дж.М. Қарақалпақстанның суў ҳәм минерал байлықлары. Нөкис – 1973.

15. Нажимов З., Избасқанов Е. Қарақалпақстанда санаат узеллерин раўажландырыў жоллары. Нөкис – 1974.

16. Народное хозяйства Республики Узбекистан в 1990 году. Ташкент – 1991.

17. Пробет А.Е. Развитие промышленности. Москва – 1982

18. Рзаев К.Р. Регионалное планирование и развитие производственных сил. Нукус – 1982.

19. Умаров Е.К. и.др. Развитие и размещение ведущих отраслей промышленности Республики Каракалпакстан. Ташкент изд-ва ФАН, 1970.

20. Саманов Ж. и.др. Геология и полезние ископаемые Каракалпакстана. Ташкент изд-во ФАН –1972.

21. Тлеубергенов Ш. Темпы и пропорции развитие промышленности Республики Каракалпакстан. Нукус – 1975

22. Умаров Е. К. Қарақалпақстанда санааттың раўажланыўы ҳәм жайласыўы. Нөкис-1989.

23. Умаров Е.К. Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм социаллық географиясы. Нөкис-2010.

24. Хрущев А.Т. География промышленности. Москва – 1974

25. Мойнақ районының социал-экономикалық раўажланыў көрсеткишлери паспортлары (1990-2017 жж.)

26. Úbbiniyazov J. Moynaq balıq konserva kombinatı, “Qaraqalpaqstan” baspası. Nókis-1980.

27. Úbbiniyazov J, Qalqashov S, Begdullaev E., Moynaq: keshe, búgin hám erteń, Nókis “Qaraqalpaqstan” 1991.

28. Akademik J.Bazarbaev., “Moynaq ele zor boladı” Rayonnıń búgingi kelbeti., Erkin Qaraqalpaqstan gazetası.,№68 sanı 31-may 2018-jıl.